ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ЛЫЗ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№113 (21.771) ● 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 19, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Щымахуэм зэрыхуэхьэзырыр гъэмахуэм къапщытэ

● Зэлущіэхэр

Къэбэрдей-Балькъэрым и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ 2010 - 2011 гъэхэм я бжыхьэ-щымахуэ лъэхьэнэм зэрылэжьэнум хуэгъэхьэзырынымкІэ республикэ комиссэм и эмтІэ мэкъуауэгъуэм и 16-м зэхэтащ. Ар пригъэкІуэкІащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдэ Уянаев Казым.

КъБР-м промышленностымкІэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и кьуэдзэ **Бэлагы Борис** зэпкрыхауэ кьытеувыщащ жэуапІы-ныгъэшхуэ зыпылъ а лэжьыгъэр республикэм зэрыщекІуэкІымрэ зэфІэгъэкІа хьуахэмрэ.

- Мы зэманым Къэбэрдей-Балькъэрым кьыщагъэсэбэн котельнэу 389-рэ (329-р ЖКХ-м ейщ), хуабэкІэ кьыззэзыгъэпэщ пункт нэхьыщхьэу 49-рэ, хуабэ зэбгрыщыпІэу километр 412-рэ. Инженер инфраструктурэм и процент 59-м я пІалъэр икІащ, - жиІащ кьэпсэльам. - Республикэм и коммунальнэ хозяйствэм псы кьыщІэныпІэу 530-рэ, кьэхэщыпІэу 53-рэ иІэщ. Абыхэм насос 583-рэ тетщ. Псы кІуапІэхэр километр 3900-рэ, канализацыкэр зэрагъэкъабзэ ухуэныгъэхэр 15, фbeй щІэжьыпІэхэр километр 580-рэ мэхъу.

Бэлагы Борис кьызэригъэльэгъуамкІэ, КъБР-м и Правительствэм зэриубзыхуам тету, псэупІэ-коммунальнэ комплексым и Іэнатіэ-запчасть» Бахъсэн завод» ОАО-хэмрэ «Урысей-СНГ Фарма Интернейшнл Компани» ООО-мрэ. Предприятэхэм я инженер коммуникацэхэр, унащхьэкІэ, лъэщапІэхэр зыхуэей хуагъаззэ, Іэмэпсымэхэр яхьуэж, трансформатор подстанцэхэр, котельнэхэр кьызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж, гъэсныпхъэхэр кьращыкІэ.

«Кавказ Ищхьэрэм и щыналъэхэм электрокьарур ятезыгъашэ компание» ОАО-м и республикэ кьудамэм и унафэщІ **Гъубжокъуэ Юрэ**, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министрым и кьуэдзэ **Абаз Барэбий**, «Къэбалькъгаз» ОАО-м и гъэзэщакІуэ унафэщІ **Кантеев Валерэ,** «Налшык и псы бжьамийхэр» муниципальнэ Іуэхущапіэм и Іэтащхьэ **Соблир Андемыркан**, «НалшыкхуабгъэнергО» ОАО-м и унафэщІ **Жамборэ Анатолэ**сымэ, нэгъуэщІхэри.

Зэлущіэхэр щыжаІахэр зэхальхьэжа нэужь, зытепсэльыхьахэм теухуа унафэ кьащтащ, мы зэманыгъуэм гъуэм кьапэщыт кьалэнхэр ягъэбелджылащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.



● Политикэ партхэм

Кьуэшырокъуэ Залым пажэхэр егъэльапІэ.

Къэралыр зезыхьэнухэр

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым кьыхилъхьауэ «Къэрал кьулыкъым хуагъэхьэзырхэр» зыфІаща проектым КъБР-м щыщу щытекІуа цІыху 15-м саугъэтхэр щратыжащ партым и щІыналъэ кьудамэм и Іуэхущапіэм. А проектым пыщІа Іуэхуэхэр ди республикэм щызэзыгъэзахуэ **Бекъан Заурэ**зэІущІэр кьыщыдзэІуихьым кьызэрыхигъэщамкІэ, гугъэшхуэхэр щыІэщ къэрал Іуэху зезыхьэнымкІэ Урысейм кьызэрыгъэпэщ Іэщ Іагъэлъ Іугупым Къэбэрдей-Балькъэрым и лЫкІуэ куэд хагъэхьэным теухуауэ.

КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и кьуэдзэ **Кьуэшырокъуэ Залым** проектым щытекІуахэм яритыжащ «Урысей зэкъуэт» партым и унафэщІ Грызлов Борис Іэ зыщІидза, кьулыкъур яхуэзыгъэлъагъуэ тхыгъэхэмрэ «Къэрал кьулыкъум хуагъэхьэзырхэм» я дамыгъэхэмрэ.

Къэрал Іуэхуэхэр зезыхьэну кьулыкъущІэхэр гъэхьэзырыным зэпымыІуэу гулыпитІ щІхуэ хуащІ Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балькъэрми я президентхэм.

- Хэкум социально-экономикэ лъэныкъуэкІэ зезыгъэужьыфынур Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ, жэуапІныгъэм щыщынэну, зэманым екІу Іэщ Іагъэлъ Іэхэращ. Нобэ ди Іуэхущ Іапіэм щызэхэсахэр апхуэдэ щІыхуэхэм ящыщщ, - жиІащ Къэушырокъуэ Залым.

Зи гугъу ящІ щІыхь 15-р пхыкІащ «Урысей зэкъуэт» партым и Совет Нэхъыщхьэм иригъэкІуэкІа хэхьныгъэхэм, абыхэм Іуэхуэхэм фІыуэ зэрыхащІыкІыр, цІыху гупым ядэлажьэфу, унафэ ящІыфу зэрыщытыр кьалытащ.

ДЖЭДГЪАВЭ Татьянэ.

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 19, *щэбэт*

♦Сабий топджэгу и дунейпсо махуэщ

♦ Ирлъэс 90 и пэкІэ Лэжьыгъэм и дунеипсо конфедерацэр (ВТК) кьызэрагъэпэщащ.

♦ Мэкъуауэгъуэм и 19 - 26-хэм Прагэ (Чехие) щекІуэкІынущ «Дыщэ Прагэ» зи фІэщыгъэ 47-нэ дунеипсо телефестивальр.

♦ 1739 гъэм Кырым хьаным и дзэшхуэ Шэрджэсымрэ Къэбэрдеймрэ кьытеуэри, адыгэщІыр зэхифыщІащ, цІыху 500 гъэр ищІащ, мэлу мин 200, Іэщыщхуэу минитІ 7 здихуащ. Пщы Кьейтукъуэ Асльэнбэч я дзэзешэу, Къэбэрдей адыгэхэр бийм кІэльыпхъэрри, тэтэрхэр зэтракъутащ, Іэщхэри, цІыхуэхри кьытрахыжащ.

Мэкъуауэгъуэм и 20, *тхьэмахуэ*

♦ Хэкур зрагъэбгынахэм я дунеипсо махуэщ

♦ США-м адэм и махуэр щагъэльапІэ.

♦ Полыщэм зи мычэзу президент хэхьныгъэхэр щоІкІуэкІ.

♦ Мэкъуауэгъуэм и 20 - 24-хэм Баку (Азербайджан) щызэхэхьтыщу Зыужьныгъэм и Islam банкым гъэпсыкІ иригъэкІуэкІ зэІущІэр.

♦ 1957 гъэм Москва Союзхэм я Унэм и Колоннэ зальшхуэм къыщызэІуахащ Къэбэрдей-Балькъэрым и ГуъэзджэмрэзІитературэмрэ я гъэльэгъуэныгъэ, Ар теуухуауэ щытащ Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьэрэ ильэс 400 зэрырикъум.

Мэкъуауэгъуэм и 21, *блыщхьэ*

♦Гидрографием и дунеипсо махуэщ

♦ Скейтбордингым и дунеипсо махуэщ

♦ Ирлъэси 10 и пэкІэ кьызэрагъэпэщащ СНГ-м хэт къэралхэм террорым пэщІэтынымкІэ я центрыр.

♦Мэкъуауэгъуэм и 21 - 25-хэм Страсбург (Франджы) щызэхэтыщу Европэм и Советым и парламент ассамблеем и гъэмахуэ сессиер.

♦ Мэкъуауэгъуэм и 21 - базэуэгъуэм и 9-хэм Нью-Йорк щекІуэкІынущ сатумкІэ дунеипсо хуитыныгъэхэр зыгъэуВ ООН-м и комиссэм и 43-нэ сессиер.

♦1925 гъэм Москва и уэрамхэм япэ таксихэр кьыдыхьащ.

Планэтэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩІО Зарифщ.

Алыдж метрор зэтоувыІэ

Дыгъуасэ «РИА-Новости» хьыбарегъащІэ Іуэхущапіэм кьызэритамкІэ, Алыджым и метрохэр махуищ хьуауэ лажьэркъым - абы я лэжьакІуэхэм забастовкэ кьалэтащ. Афинхэм щыхуищэ мин бжыгъэкІэ лъэсу зекІуэн хуей хьуащ.

Кьалэ метрополитеным махуэ кьэс щыху мин 650-рэ хуэдиз егъэпхъуэ. Бэрэжьей пщэдджыкъым абы лэжьын щитъэтащ икІи забастовкэм идкыри пещэ, метрохэр щежьэжьыну пІалъэри къагъэльагъуэркъым. Профсоюзхэм метрополитеным и унафэщІхэм паубыдкьадлажьэ щыху 285-р ІуамыгъэкІыну - ахэр пІалъэ зиІэ контракткІэщ зэрылажьэр.

Профсоюз Іэтащхьэхэм зэрыжаІэмкІэ, щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ метрор тэмэму лэжьэнущ, бльщхьэм пащэжьнущ сыхьэт 24-кІэ екІуэкІ забастовкэм. Лэжьакіуэхэм зыхуэйр кьыхуащІэху апхуэдэу щытынущ.

Тыркур зэрэуэр

Тыркум Іэщэкіэ зэщІэуэзда и къэрухэм я Штаб нэхъыщхьэм и лЫкІуэ, генерал Кьыр Фахьри дыгъуасэ зэрыжиІамкІэ, нужьрей мази 4-м кьриуфыщэу а къэралым и дэхэм зэтриукІащ «Курдистан лэжьакІуэ» сепаратист партым и зауэлІу 130-рэ.

Абыхэм иращыІла зэхэуэхэм а зэман дыдэм кьриуфыщэу щыхэкІуэдащ зауэлІ 43-рэ.

Генерал Кьыр Фахьри зэрыжиІэмкІэ, мэкъуауэгъуэм и 16-м Ирак ИщхьэрэмщрагъэкІуэкІа зэхэуэхэмкІэ сепаратист 20 хэкІуэдащ. Абы хэтащ спецназэри, кхъухьльатэхэри, вертолетхэри, артиллериери.

Курдистаным и Іэщэкіуэ партыр илъэс 25-рэ хьуауэ хущІокъу Тыркум и ипщэкъуэкІыпІэ щыналъэм курдхэм я автономие кьыщызэгъэпэщыным. А Іуэхуэм текІуэащ щыху мин 40-м щитІу. ООН-мк Евросоюзми а партыр террорист зэгухьэныгъэ кьалытащ.

● Щэрэдж куей

Хэкупсэхэм къахохьуэ

Мэкъуауэгъуэм и 18 - 20 махуэхэм Ахъчкъан бгым и щыгум щІалэгъуалэ гупышхуэ дэкІуеннущ.

АР КЪЫЗЭРИГЪЭПЭЩАЩ Щэрэдж район администрацэм щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ, спортымрэ туризмэмкІэ и комитетым. «ЗекІуэр» хуахащ Урысейм и щІалэгъуа лэм я махуэр, Афиным ебэныным и дунеипсо махуэр мыгувэу зэрагъэпъэпІэнум.

ЩІалэгъуалэм хэкупсэгурыщІэр нэхъри зыхегъэщІэным, афиныным пэщІэтыным, гъашІэ узыншэ ирахъэкІыным теуха Іуэхум хэтынуэр Кьарэсу кьуажэ администрацэм деж сыхьэт 11-м щыізэхуэсынущ. Абы кьрихьэлІэнущ турист-альпинист УзынІыныгъэм хуэлажьэ зэгуэльэныгъэхэм, клубхэм екІуалІэхэр, Къэбэрдей-Балькъэрым и къалэхэм, районхэм щыщу спортым дихьэх щІалэгъуалэр.

БОЗИЙ Залинэ.

● Гъавэ-2010

ЗэуІуу ирагъэкІуэкІ

АГРОТЕХНИКЭМ и пІалъэ нэхъыфІым кьитІасэу, Къэбэрдей-Балькъэрым и губгъуэхэм горох щхьэунтІэр Іуухьжьым щыщІадзащ. Нэгъаби хуэдэу, мы гъэми абы гектар минитІым нэблагъэ хухахащ. Мэкъуауэгъуэм и 16-м ирихьэлІэу тонн 580-рэ кърахьэлІэжащ.

ІэщІагъэлІхэм кьызэралъытэмкІэ, бэвагъкІэ нэгъабэрейм кьыкІэрыхун хуейкъым. Ику иту гектаям центнер 53-рэ кьызэритыр кьэпльытэмэ, тонн мин И-м щІигъу кьыщІаІукІынущ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.



ЩІалэгъуалэ правительствэм къыхелъхьэ

КЪР-м и ЩІалэгъуалэ правительствэм пхигъэкІыу щІидзащ «Узыншагъэм и школ» проектыр.

АБЫ ИПКЪ иткІэ, ипэ зэІущІэм щызэхуэзащ «Спартак-Налшык» ПФК-м и щІалэгъуалэ гупымрэ КЪР-м ПэжыгъэмрэзІощІыпэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм егъэбыдыла блигъ мыхъуахэм я социальнэ-реабилитацэ республикэ центрым, «Нэмыс» зыфІащам, и гъэсэнхэмра. А спорт Іэужьыгъуэм дихьэх щІалэ цІыкІуэхэр апхуэдэ зэІущІэм хуабжьу щыгуфыкІащ икІи гушхуэныгъэ къахилъхьащ.

«Спартак-Налшыкым» и футболистхэр, хабзэ зэрыхъуауэ, сабий унэхэмра интернатхэмра мак1уэ. Абыхэм щапІ сабийхэм йогуапэ, футбол фащэхэр тыгъэ хуащІ. Иджырей зэІущІэм и жэрдэмщІакІуэу кьэувар КЪР-м и ЩІалэгъуалэ правительствэрщ. КЪР-м спортымрэ туризмэмкІэ и министрым и кьуэдзэ Заруцкий Александр кьызэрыхигъэщамкІэ, апхуэдэ зэхуэзэм пІэныкъуитІми дзрэжэгъуэ кьарет. Сабийхэм футболистхэр зрагъэцІыху, абыхэм спортым щІыгъуэрагъэхьа лъагапІэхэр езыхэм «зрагъапщэ», нэхъыщхьэрщи - зы сыхьэткІэ нэхъ мыхъуми я гугъуехьхэр ящогъупщэ.

КъБР-м и ЩІалэгъуалэ правительствэм и унафэщІ Щокъаро Залинэ кьызэрыджиІамкІэ, «Узыншагъэм и школ» проектым ипкъ иткІэ, республикэм и еджапІэхэмра еджапІэ щІэныгъэмра Іуэхугъуэ 20-м нэблагъэ щрагъэкІуэкІынущ. Узыншагъэр хьэмэныжьІ, Спортымрэ туризмэмкІэ министерствэхэми абы и лъныкъуэкІэ ягурыІуэн. ИрагъэкІуэкІынущ сурэт щыныкІэ зэпеуэхэр, «СтІол хьурейхэр», спартакиадэхэр, мастер-классхэр, «Узыншагъэм ухуэзышэ гъуэгу» велотурыр, «НапэкІуащІ кьабзэ» акцэр, нэгъуэщІхэри. «Иужьрей Іуэхугъуэм хиубыдэу еджакІуэ цІыкІуэхэр зэпеуэнущ Іуэху мыщхьэпэхэм афІэкІа зэрызыдрамыгъэшэхьныкІэ тхьэрыІуэ щат сочиненэхэмкІэ», - жеІэ Щокъарэм. Адэкіэ кьызэрыхигъэщащи, министр нюбжьыщІэхэм езыхэм я щапхъэкІэ гъащІэ узыншэр хапщэну я мурадщ - абыхэм тутын ефэу зыри яхэткъым.

ЩАУЭ МуІэед.

Алыдж метрор зэтоувыІэ

Дыгъуасэ «РИА-Новости» хьыбарегъащІэ Іуэхущапіэм кьызэритамкІэ, Алыджым и метрохэр махуищ хьуауэ лажьэркъым - абы я лэжьакІуэхэм забастовкэ кьалэтащ. Афинхэм щыхуищэ мин бжыгъэкІэ лъэсу зекІуэн хуей хьуащ.

Кьалэ метрополитеным махуэ кьэс щыху мин 650-рэ хуэдиз егъэпхъуэ. Бэрэжьей пщэдджыкъым абы лэжьын щитъэтащ икІи забастовкэм идкыри пещэ, метрохэр щежьэжьыну пІалъэри къагъэльагъуэркъым. Профсоюзхэм метрополитеным и унафэщІхэм паубыдкьадлажьэ щыху 285-р ІуамыгъэкІыну - ахэр пІалъэ зиІэ контракткІэщ зэрылажьэр.

Профсоюз Іэтащхьэхэм зэрыжаІэмкІэ, щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ метрор тэмэму лэжьэнущ, бльщхьэм пащэжьнущ сыхьэт 24-кІэ екІуэкІ забастовкэм. Лэжьакіуэхэм зыхуэйр кьыхуащІэху апхуэдэу щытынущ.

Тыркур зэрэуэр

Тыркум Іэщэкіэ зэщІэуэзда и къэрухэм я Штаб нэхъыщхьэм и лЫкІуэ, генерал Кьыр Фахьри дыгъуасэ зэрыжиІамкІэ, нужьрей мази 4-м кьриуфыщэу а къэралым и дэхэм зэтриукІащ «Курдистан лэжьакІуэ» сепаратист партым и зауэлІу 130-рэ.

Абыхэм иращыІла зэхэуэхэм а зэман дыдэм кьриуфыщэу щыхэкІуэдащ зауэлІ 43-рэ.

Генерал Кьыр Фахьри зэрыжиІэмкІэ, мэкъуауэгъуэм и 16-м Ирак ИщхьэрэмщрагъэкІуэкІа зэхэуэхэмкІэ сепаратист 20 хэкІуэдащ. Абы хэтащ спецназэри, кхъухьльатэхэри, вертолетхэри, артиллериери.

Курдистаным и Іэщэкіуэ партыр илъэс 25-рэ хьуауэ хущІокъу Тыркум и ипщэкъуэкІыпІэ щыналъэм курдхэм я автономие кьыщызэгъэпэщыным. А Іуэхуэм текІуэащ щыху мин 40-м щитІу. ООН-мк Евросоюзми а партыр террорист зэгухьэныгъэ кьалытащ.

Льэпкъ Іущыгъэ:

Уи Іэдакъэтым щІэмыкІар хьэрэмщ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм ящІэн папщІэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м КЪР-м и Правительствэм и Унэм щекІуэкІынущ.

ЗэІущІэм щыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КЪР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэ.

«Адыгэ псалъэр» кьыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу кьыдогъэкІыж 2010 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедэнэщ зэрекІуэкІыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ гъэм 356-рэ кІэпейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытебдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущапіэ псоми.

Ди индексыр 51531

● Хъыбарегъащіэ

Мамырыгъэр - Кавказым

Налшык дэт Музыкэ театрым, мэкъуауэгъуэм и 23-м щекІуэкІынущ «Мамырыгъэр - Кавказым» зыфІаща концерт дахэ.

АБы ХЭТЫНУЩ КъБР-мрэ КъШР-мрэ я цІыхубэ артисткэ Сокъур Ольгэ, КъБР-м и цІыхубэ артист Мэремыкъуэ Хьурсэн, ди республикэм щыІэ зиІэ и артистэу Тхьэгъэлэдж Светланэ, Зеущэ Іэуес, Батыр Мухьэдин, Ташло Алий сымэ, КъБР-м щыІэ зиІэ и артист Думэн Мурадин, Дым Елдарэ Дзэгъащтэ Аэзмэтрэ (гушыІэмрэ ауанымрэ жанрым щыджэгуэхэр).

Концертыр сыхьэт 19-м щІидзэнущ.

ПСЫНАБЗМ жыг хадэу гектар 300 иІэу щытамэ, идкьипсту абы щыщу процент 80-р кьуажэдэсхэм бэджэнду кьащтэри, пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэр щІэрыщІэу щыхасащ. Мы Іуэхум жыджэру пэрыт хьэрычэтыщІэ Шакъ Хьэсэн щыгъуазэ дыдзэрищІымкІэ, мы бжьыхьэм пхъэщхьэмыщхьэ зэмылІэужьыгъуэу центнер 400-500 зы гектарым хуэзэу кьытрахыну мэгугъэ. Псынабэм и хуэдизкІэ пхъэщхьэмыщхьэр щэныкІэ гугъуехь хэтыныкъым. Щэхуакіуэхэр зэпымыІуэу кьокІ Ставрополь крайм, Осетие Ищхьэрэ-Аланиием. Мы гъэм апхуэдэ зэгурыІуэныгъэхэр иращыІлащ Москва дэт Іэнатіэ щхьэхуэхэми. Шакъым зэрыжиІэмкІэ, бжьыхьэм иджыри жыгыу гектари 10 хасэну я мурадщ. Жыг гъэкІыным илъэс куэдкІэ пэрыта Іэщ Іагъэлъ Іым кьызэрилытэмкІэ, пхъэщхьэмыщхьэр нэгъуэщІ щхьэралхэм кьыщІрашым кьлхьэусыгъуэ щымыІэу, ди республикэр зэрыкъулейуэ щыта хадэхэр зэрыгъэзыжьыным зэфІэкІыкІ яІэр ирахьэлІэнущ. Псынабэм мы зэманым пхъэщхьэмыщхьэ жыгыу мини 6 зэрахьэри, ахэр кьанэ щымыІэу езым къагъэкІыжащ.

ШЭРЭДЖ Днсэ.

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щрагъэкIуэкI кьалэухуэ лэжьыгъэм и Iуэхуэкl» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 22 статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щрагъэкIуэкI кьалэухуэ лэжьыгъэм и Iуэхуэкl» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 22 статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законыр къэзыгъэлъагъуэ.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж егъэхьан Iэ щIидзын икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2010 гъэм мэлыжьыхьым и 22-м
№341-П-П

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щрагъэкIуэкI кьалэухуэ лэжьыгъэм и Iуэхуэкl» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 22 статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым къыдэтащ
2010 гъэм мэлыжьыхьым 22-м

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щрагъэкIуэкI кьалэухуэ лэжьыгъэм и Iуэхуэкl» 2006 гъэм щыщхьэIум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №66-РЗ-м и 22 статьям мы кьыкIэпыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. Iыхьэ 4-р мы кьыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«4. ЩIыналъэр зэIуэпэщ зэращIыну документацэр абыкIэ полномочие зиIэ органым егъэхьэзыр Урысей Федерацэм и Кьалэухуэ кодексым, Урысей Федерацэм и кьралымрэ муниципалитетхэмрэ зыхуейхэм папщIэ хьэпщыпхэр кьегъэлэжьмкIэ, лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIынымкIэ, Iуэхутхьабзэхэр Iуэхущхьэныкъуэ папщIэ Iуэхутеуихуэ кьыкIэгъащIупхьэ.

Iпэуэ, Урысей пащтыхьым и зэрыпхъуакIуэ политикэ бзаджэщ. Iуэхущхьэм и Iуэхуэ лъэпкъхэр абы езыр зэрыхуейм хуэдэу и льэгущIэт ищIыну яужь зэриратащ. ЕпщыкIуэнэ лIэщIыгъуэм и кIэлъ. Урыс пащтыхьым и лъэр Кавказ ищIхэрэм щигъэбыда нэужь, и политикэ занщIэу зэрихьэкIащ, ар зэрыпхъуакIуэ политикэ бзаджэ унэтIыкIэ зиIэ хьуащ. Абы бгырысхэм, кьапщтэмэ адыгэ-хэм, я Iуэху зэрихуэжакьым, уеблэмэ хуитыныгъэу яIа псори кьатрихыу ахэр кьыщалъхуа щыIпIэм залымыгъэкIэ зэрагъэкIуэн, яIыхэр зэриубгъун, и тепщэныгъэр зэригъэбыдэн - аращ нэхъ зыхуущIэкъуар.

ГъэщIэгъэнракъэ, урыс дзэзешэхэм фIы дыдэу ящIэрт адыгэхэр Псыжь и сэмэгурабгъ Iуфэхэм, щэрыпIэ щIыпIэ мыуэзышэхэм зэрымыкIуэнур, итIани «абы фIыгъэхуэ» - жаIэри кьыпIауфыдащ. Адыгэхэмэ урыс дзэщэхэр зэрыкIуэнхэм папщIэ «Псыжь Iуфэ дыкIуэ нэхъыр, Тырпхум дыIэпхъуэмэ нэхъыфIщ» жаIащ. Урыс пащтыхьым зыхуеинхэр арати, адыгэ лIыкIуэхэр «Iи щIыпIэм дыкIивнэжк, дзэхэм зэрахъэ залымыгъэр вгъэбзэяу», - жаIэу щIельэм жэуапу кьаритащ: «Кьыфхуэгъальэгъуэ щIыпIэм фIыдэпхъуэ, е пIалъэ имыIэу Тырпхум фIыдэпхъуэ».

Тырпхум, адыгэ э пщы-уэркъэхэм я зэран гуэри мы Iуэхум хэльащ. Сыту жыпIэмэ, абы хэмэ кьагурыIуэрт я щIыпIэм кьинэмэ, Псыжь Iэпхъуэмэ я тепщэныгъэр куэдкIэ нэхъ мащIэ зэрыхьунур, я пщылIэр-я зэрафIэкIуэдынур. Пщыуэркъэхэм я дежкIэ я пщылIэр яфIэкIуэдын нэхъэр нэхъ шынагъуэ зэпIэщIэтхъым. Абыхэм я гугъэт Тырпхум Iэпхъуэмэ, я пщылIэр кьахуэнэну, я Iуэху нэхъыфIхуэ хъуну. Шэч хэлъкъым, Iьэпхъуэм и Iуэху зэрыхъунум абыхэм я нэхъыбэр ныкIи зэремыгупсысам.

Ещанэу, му слыымэн диным и лэжьакIуэхэрэ адыгэхэм я щIыпIэр кьафедзэныжмкIэ «Iэпэпыкьэгъу» хъуащ. Абыхэмэ щIыхь зэрагъэлъагъуэ щIыхь зэрагъэIуащ, хуэрджащ.

Еплъанэу, езы Тырпхум и лIыкIуэхэмэ, кьуажэ-кьуажэкIэ-рэ кьалэхъуэрэ, адыгэхэр тращагъэр ушхуащ Тырпхум кIуэну, я абы гущIэ дахэ, нахьыпэ щIэну кьагъэгугъэурэ.

Етх уанэу, Инджылызым, Франджым и эмиссархэу адыгэхэм я деж щыIакъым я зэранэ я зэпыIэтхъым. Абыхэм щIыхь хэзыгъэлъагъуэ щIыпIэ-зэрыкIуа псэзэпыпIхьэпIэ бэлыхьым. Абыхэмэ, тIыркъэхэм хуэдэ кьабгъэу, Урысейм ебэнну адыгэхэр щIагъэстырт, дэIэпыкьэгъэу кьахуэхьэну натым щыкIуэрэ Кавказ щIыпIэхэм.

Инджылызми, Франджыми, Тырпхуми апхуэдэ лэжьыгъэ щIрагъэкIуэкIар адыгэхэм я Iуэху зэрахуэу, абыхэм я щIыхь-хуитныгъэм иригуэавэу аратэхьым, атIэ езыхъэм Кавказ бгырысхэм я деж я тепщэныгъэр щагъэбыдэну, Урысейм Кавказыр Iэрамыгъэхьэну арат. Ауэ, зэрынэрылъагъущи, адыгэхэм я гуэвэгъуэм-кIэ, я мыгъуагъэхэмкIэ псом япэу жэуап зыхьын хуейр урыс пащтыхьырыр, ары и лIыкIуэу Кавказым щыIахэрэщ. Ахэращ адыгэхэр кьыщалъхуа я щIыпIэм залымыгъэкIэ изыхуар.

ИстамбылакIуэхэмкIэ ятелъа бэлыхьыр, тхъэмыщхIагъэр, мэкэщалIагъэр апхуэдизкIэ ящIи, ноби бгъэщалагъуэ, уи гур кьызэрIэмыпэу укьеджэфырыкьым ди лъэпкъэгъуэхэм ятелъа кьулейсызыгъэм, насыпыншагъэм текуэуа тхъыгъэхэм.

Куэдым зэрэтхьыгъэмкIэ, ухъмкIи щитIыгъхьэр адыгэхэм я хьэдагъэт, кьагъанэ зекуэ дахэр ягъеижырт, лъэг гъажьмыщхьэу тIысырти, щIым ба ауащIыжырт. Урыс сыдэхэм игъэгужьеяуэ хы Iуфэм Iуаухуахэм зэпрызышIну кхъухьхэм екьэзрэ, гъуэмылэр яуэкырти, мэкэщалIэу кьанэрт, щыгъын зимыIэр куэдти, бжьыкъэм, щIымахуэм щIыIм исырт, емыжьэ щIыкIэ сымаджкэ хьурт. Зи щхьэрэ зи цIэри лъагэу кьекIуэкI адыгэхэр, кьуелейсызыгъэмрэ мэкэщалIагъэмрэ я щхьэр щIрагъэхьэуэ сыт тIыхьи, ди сабийхэм сыт яху зэтшин жаIэу, хы Iуфэм кьыIунэрт.

Урыс-Кавказ зауэм хэта урыс офицерым мыпхуэдэу итхьащ:

«Си нэгум кьыщIэнащ щхьэфэщыр зыгъэтэрдж теплъэгъуэхэр; сабийхэм, щIыхьэзэхэм, лIыжьхэм-фызыжьхэм я хьэдэхэр икъуахат, я нэхьыбэр хьэхэм зэхафыщIырт. Уэзымрэ мэкэщалIагъэмрэ апхуэдизкIэ кьаруунщэ ищIами, хьэныбэ нэщIхэм псэууэ зрагъэмыгъэшынэу лъэпIатхьэрт, зи псэ пытхэр лIахэм егупсысыну е щIалъхьэну хуэнэсырт-къым, езыхэми кьапэплъэр щIагъуэтэкъым».

Урыс пащтыхьым, абы и дзэзешэхэм зы гущIэгъу, зы гупсысэ - цIыхуэ гъэщIэгъуэ щIэн ящIы яIамэ, ИстамбылакIуэшхэмкIэ зы хабзэ гуэр халъхьэфынут. Кьапщтэмэ, «Шапсыгъэхэр мыпхуэдэ махуэхэм, абаз эхэр ткIийуэ зэхъаным фIы-пхъунущ», - жаIэу унафэ ящI хьунут, ахэр Тырпхум зэрыкIуэну кхъухьхэмкIэ кьадэIэпыхьфынут. Хы Iу фэм цIыху мин Iэджэ щыщIэзэтрихьхэкъым дежи хабзэ гуэр зэрызыфIэнут. Адыгэхэр щIэльэIуат хы Iуфэм декIуэкIыну лъэс гъэ уэгукIэ Истамбыл кIуэну, абы щыгъуэм я мыльку щыщ куэдри, гъэмылит гуэр зэрадзэ хьунут я Iэщэ хэр яхьыфынут икIи апхуэдизкIэ кьулейсызыгъэ ягъуэтынутэкъым. Ауэ, а псом урыс пащтыхьыр хуейтэкъым, хуэменхэр абы и дзэпщэрат.

Адыгэхэм я гнэхэр, псэуалъэхэр, Iэщыр (абы и бзыгъэри мащIэтэкъым), я жыг хадэхэр, я гъавэр, я мыльку псори кьагъанэрт. АтIэ абы и уасэу И Истамбылакiуэр нэхъ тынщ кьыщащ хьунутэкъэ? Хьунут. Ауэ абы зыри х уейтэкъым, адыгэхэри Кавказым иц адрей лъэпкъхэри цIыхуу ябжьрэтэкъым, псори зэтIелIэмэ ящартI. Генодицид урыс пащтыхьым, абы и дзэпщэм адыгэ зэхэ я нэ хьыбэр зэтраукIэну , адрей кьэнар лъэпуэ-жь мыщхьэу зэгурыIуэну кьалэн ди зэрызыщащыкIар икIи ар ерыщу, гущIэгъуншэу зэгурагъэщIар.

1861 гъэм щыIм, пщылIэхэм ятеухуауэ кьэкIуэкIа псалъэмакъым игъэшынэри, Кавказ унафэщIэхэр зэрызэрэ мурадкIэ, пщы-уэркъэхэм Кавказым и Унафэщ Iэ В. Орбелианиер жраIащ Тырпхум кIуэну анагъуэ 442-м я тхыльмкIэ, хагъэхьэзэрагъуэ. Пщы Орбелианиер гуэвэри, инэрал Евдокимовым хьыбар иритIэщIащ: «Сыт тщIэнур, абыхэм я зыкъ ИтУ Къэбэрдей псор Iэпхъэнкlэ кьуэдкIыщIу». Абы Евдокимовым мыпхуэдэу жэуап кьриты жащ: «Мыгу заво унагъуэ 442-р зэрыIэпхъэнэм щхьэкIэ, уеблэмэ апхуэдитI Iэпхъуэми, хэгъэшынгъэ дэ дIIэнэнкъым. А унагъуэхэм я уэжь иту адрей псори Iэпхъэнэнущ жаIэ у дагъэшынэну хэтми, ар апхуэдэу хьуамэ, дэркIэ сэбэпынагъ ин иIэнут, дызыгъэпIейтей лъэпкъым дыпшыкIынут». Зэрыиэрыпльагъуэри, адыгэхэр я щIым ирахуащ, ахэр икIын папщIэ Iэмал псори кьагъэсэбэпрт.

Урыс пащтыхьымрэ абы и щIыпIэм дэзешэ генералхэмрэ тхыдэ куу зиIэ, ижьижьыкъым льандэрэ Кавказым щыпсэу лъэпкъ пажэм ираха лейр, залымыгъэр, щIэпхьаджагъэр дунейм псом щекIуэкI щIыхь зэрагъэхьэзыр. Абы и мыкIытэу тхыгъэхэр трагъадэрт адыгэхэр мылэ жьэфу, уэзымыхуу, щэнхабзэм пэIащIэу, зэуэныр сытым деж я нэрыгъыу жаIэуэрэ. Апхуэдэ тхыгъэхэр эн Iэдакъэщ IэкIэм зы мурадщ я гум ильар, зы кьалэнщ зытелэжьар: пэжыр пIы ящIыну, пащтыхьым и зэрыпхъуакIуэ политикэ бзаджэ, я нэхъыбэ ящIыну, гъэкIуэнкIэ зрыIуну зэрыIуахуэ, Тырныаузэ бгы-щагъэбатэ комбинатым и унафэщI Елай Борис. Соттаевым и гупсэу кьызэхуэсахэм ежьрищIащ Iуэхуэ-Iуэхуэ Iэ ежьанIэр яухуэу макъамэ Iэмэпсымэхэмрэ я нэлъащIэкIэ ар кьыхэзыгъэпэщащ Блайм «Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым щIыхь зиIэ и цIыху» цIэ льапIэр зэрыфIащар.

КьыкъэлъыкIуэу псалъапIэр хуит зыхуащIа КъБР-м ИТ-м хабзэмкIэ и министерствэм егъэджныгъэмкIэ и методикэ центрым и унафэщI **Iэрбэч Бесльан** щколым и махуэ льапIэмкIэ псомкI ехьэхьауащ. ГъэуздэжьмкIэ сабий ежьанIэм и лэжьакIуэхэм псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъащIащ, абы и унафэщI Койчуевэ Людмилэ «Семь чудес России» тхыльальбомыр тыгъэ хуищIащ.

- Си гур мэгуфIэ школыр зыхуей хуэзэу зэрызэрахьэр, ди гуащIэм пщIэ зэрыхуащIыр щыслъагъукIэ. Мыр сабий зэчиифIэхэм я кIыщIу, мыбы щеджа цIыкIуэхэм цIыху цIэрыIуэхэр кьахокI, - жиIащ зэIущIэм кьаратэблэгъа хьащIу гъаблэ **Бзаий Борис**.

Урысей Федерацэм и цIыхубз артисткъ, СКГИИ-м вокалымкIэ и кафедрэм и унафэщI, профессор Гъэсашэ Натальерэ театр факультетым и унафэщI Мыд Мадинэрэ ГъэузджэхэмкIэ кьэрал институтым кьыбгъэдэкIыу екъуэхьхуащ зи махуэр зыгъэпIэхэм, цIыкIуэхэм кьахуащ-хьэпэну зэрырагъаджэ тхыльхэр щIоным тыгъэ хуащIащ. Мыд Мадинэ кьыщыпсальэм кьэхуигъащIащ мы гъэмахуэм хуеягъэ. Зэ1ущIэм и кIэуэну бы кьрихьэлIа псом ми фIыщIэ хэхуащIащ щIоным дым и унафэщI Койчуевэ Людмилэ.

ТАРИМ Алиэ.

Iуащхьмахуэ районым щыIэ Тырныауэ кьалэм Абаев Сультан-Бэч и цIэр зэрихьэу дзэ гъэзэжкIэ сабий сэкIэнIэр илъэс 55-рэ зэрырикъур иджыблагъэ ягъэлъапIащ.

ГУФIЭГЪУЭ зэхьхьэр школым и зэIущIапIэ пэшышхуэм щекIуэкIащ. НыбжьыщIэхэм я зэфIэкIыр кьыщапшытэж концертым кьрихьэлIат районым, кьалэ администрацэм, Iуэхущ IапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, еджапIэхэм, жылагъуэ зэгухьныгъэхэм, Гъуазджэхэмкl Кавказ Ищхъэр кьэралинститутымрэ республикэм щыIэ макъамэ еджапIэхэм я унафэщIхэм я советымрэ я лIыкIуэхэр, Тырныауэ кьалэм гъуазджэхэмкIэ дэт сабий еджапIэм и гъэсэнхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ.

«Сабинугъуэм и кьалэ» уэрэд дахэмкIэ зэIущIэр кьызэIуихащ макъамэ еджапIэм и зэорым. Адэкlэ хьэщIэхэр щыгъуазэ ящIащ школым и тхьдэм, абы ноби я щыIэкIэ-псэукIэм, 1955 гъэм дэжьэн щIэзыдза еджапIэм Iуащхьэмахуэ районым щыпсэу ныбжьыщIэу миным щигъэм гъуазджэм епха щIэныгъэ зэрыщыраригъэIуэгъэн.

Хъуэхъу псалъэхэмкIэ гуфIэгъуэ зэIущIэр кьызэIуихащ Iуащхьэмахуэ район администрацэм и Iэтащхьэ **Соттаев Къурмэн**.

- Фи школыр, и пэжыпIэкIэ, зыхуэфащэ адэ хьэл щыIыну - жиIащ абы. - Илъэс 55-рэ льандэрэ егъэджакIуэхэм еджакIуэхэмрэ зэрызэпищIэм и мызакъуэу, блэкIам, нобэрей гъащIэм, кьэкIуэнуи яку дэт «ТхьэмыжкIи» ар. ФIыщIэхуэ яхудоущI гъуазджэр фIыуэ яIьагъуу ди щIэблэр кьэзыгъэхьу гъэсакIуэхэм. ФэркIэ догушуэу, фи лэжьыгъэм псэхьлэлкIэ фыбгъэдэтщ, дяпэкIи екъуэдэныгъэ фиIэну, школьнарефIкIуэну ди гущIэгъу.

Апхуэдэуи Соттаевым и фIыщIэ псалъэхэр хужиIащ Гъуазджэхэмкl еджапIэр кьызэIухуным зи мылъкур зи гущIэгъэ хэзыльхьа, Тырныауэ бгы-щагъэбатэ комбинатым и унафэщI Елай Борис. Соттаевым и гупсэу кьызэхуэсахэм жэрищIащ Iуащхьэмахуэ еджапIэр яухуэу макъамэ Iэмэпсымэхэмрэ зиIэлащIэкIэ ар кьызэзыгъэпэщащ Блайм «Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым щIыхь зиIэ и цIыху» цIэ льапIэр зэрыфIащар.

КьыкъэлъыкIуэу псалъапIэр хуит зыхуащIа КъБР-м ИТ-м хабзэмкIэ и министерствэм егъэджныгъэмкIэ и методикэ центрым и унафэщI **Iэрбэч Бесльан** щколым и махуэ льапIэмкIэ псомкI ехьэхьауащ. ГъуазджэхэмкIэ сабий ежьанIэм и лэжьакIуэхэм псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъащIащ, абы и унафэщI Койчуевэ Людмилэ «Семь чудес России» тхыльальбомыр тыгъэ хуищIащ.

Мазитхум мафIэс 283-рэ

КъБР-м МафIэсым пэщIэтынымкIэ и къэрал Iуэхущ Iапl эм 2010 гъэм и япэ мазитхум я лэжьыгъэм кърикIуахэр щыIэхалъхьэжащ.

Щышынэ-накьыгъэ мазэхэм республикэм мафIэс 283-рэ кьыщыхьауащ, нэгъабэ и апхуэдизкIэ лъэхъэнэм - 309-рэ.

Абыхэм сом мелуан 15-рэ мин 760-рэ уасэ хэщIыныгъэ кьаващ. МафIэсхэм цIыхуи 10 зэкIуэдащ, нэгъабэ ельытауэ хуэдитIкIэ нэхьыбэ, 29-м фэбжь хахащ.

Сыт щыгъуи хуэдэу, мафIэс нэхьыбэ кьыщыхьур псоуIэхэрщ, ахэр процент 36,6-рэ мэхъу. БлэкIа мазитхум насыпыншагъэхэр нэхьыбэу кьрикIуащ тутын щефэм, мафIэр кьыщагъэсэбэпым зэрымысакъым (105-рэ), электроIэмэпсымэхэр щагъэувым хабзэр кьызэрызэпаудам (63-рэ), зэрагъэпIль хэзкуэр тэмэму зэрамыгъэуавм икIи кьызэрамыгъэсэбэпам (25-рэ).

Бжыгъэхэм кьызэрагъэIагъэщи, а кьэхъуэкIыдащэм я Iыхьэ щанэр мафIэсым зыщыхьуэмэнымкIэ хабзэр уэим зэращIым кьыхэкIащ. ХэкIуэдахэм я нэхьыбэр чэфу щытащ. Сыт щыгъуи хуэдэу щхьэусыгъуэр зыщ: цIыхур фадэ ефащ, зигъэпсэхуну гъуэлъам тутын пигьанэри Iуриащ.

НэгъуэщIуи кьыщыхьу щыIащ. Май куейм щыIэ станицэхэм ящIащ щым щыпсэу А. жэщ ныкъуэм гъэмахуэ пщэфIапIэм щIыхьэри диваным итIыс-хьащ. Тутын ефэну мафIэдзыр пигьанэри кьауэ макъ хэIуащ. Арати и щхьэм, и пщэм, и Iэхэм сакъат ягъуэтащ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ зэрагъэпIа котелым газ щыдзэуэхьса хъуащ. Лей зытехьар район сымаджэщым, иужькIэ Республикэ сымаджэщым и реанимацэм ящащ. Махуэ бжыгъэ дэкIри игъуэта фэбжь хьэлъэм ар илыкIащ. А псом щхьэусыгъуэ зэхэхуэхэр зэхагъэкI. Зэрипльэжа лъэхъэнэм мафIэсгъэнкIыфIхэм ярагъэлащ цIыху 361-рэ, сом мин 647 и уасэ мылькурэ.

СЭБАН Арсен.

ЮАР-м футболымкIэ щекIуэкI XIX дунейпсо зэпеуэм мэкъуауэгъуэм и 17-м пищащ. А махуэм зэхэта зэIущIэхэм наIуэ кьащIащ Аргентинэм и командэ кьыхэхэр, зыхэт гупым иджыри зы джэгуГъуэ щиIэжу, финалым и 1/8-нэ Iыхьэм зэрыкIуар. Франджыхэм ар къэзыгъэхъулIэфынур тельыджэ гуэрщ.

МАХУЭКУ кIуам япэу джэгупIэ губгъуэм кьихьащ **Корее Ипщэмрэ** зыхэт гупым пэщIэдзэ IэкIыгъэр кьыщызыхьэху **Аргентинэмрэ**. Америкэ Ипщэм кьикIа Марадонэ Диегэ и гъэсэнхэм джэгуГъуэр хуабжьу жыджэру кьыщIадзащ икIи абы хуэмыхьэзырыщIэ и хьэрхэрэрэгъуэхэр псынщIэ дыдэу икIуэтащ. Аращ кьызыхэкIар епщыкIубланэ дакьикьэм Пак Чху Ен топыр и командэм и гъуэм зэрыдигъэкIыжар. Куэд мыщIэу Аргентинэм и гъащIэкьуэ Игуаин Гонсалэ бжьыгъэ зэригъэбэгъуам кьыбгуригъаIуэрт мы зэIущIэм псори зэрыщыгъэхэкIар. Арщхьэкlэ, заГьэпсэхуну щIкI дыдэм Корее Ипщэм и футболистхэм я хьэрхэрэгъуэхэм худагъэкIа топым, Iуэгу гъэщIэгъуэнагъ хилъхьэжащ.

Джэгум и етIуанэ Iыхьэр КъуэкIыпIэ Азием икIаxэм и тепщэныгъэкIэ кьыщIидзащ Кайтэ джэгум зэрыхихуам псори кьэзэIущIэжащ. БжьыгъэкIэ кьэхьбэ адыдэхэм топитI дагъэкIыжри, 2:1-уэ текIуэныгъэр яхьащ.

Алыхьым игъэкIуакьым Ирландием хьэрмакIэ ифIащхьэу ЮАР-м кIуэ **франджхэм**. Зэрыфащэжащ, текIуэныгъэр зэхьхэзэхьыжу дунейпсо чемпионатым и кIэух зэхьэзэхуэм хэзышар щыдагъэкIым абыхэм я гъащIэкьуэ Ани топым IэкIэ кьызэрыригъэзар псоми я нэр щIэIащ икIи иужькIэ хуэд тражьыIыжащ. Ялэ зэIущIэм Уругвайм темыкIуэфа (0:0) Доменикем и гъэсэнхэр вэсэпшыхь **Мексикэм** 2:0-у хигъэщащ. Иджы Франджым и командэ кьыхэхар зыхэт гупым кьэхьэзэгъэкIыфынур тельыджэ гуэрщ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

ЮАР-м футболымкIэ щекIуэкI XIX дунейпсо зэпеуэм мэкъуауэгъуэм и 17-м пищащ. А махуэм зэхэта зэIущIэхэм наIуэ кьащIащ Аргентинэм и командэ кьыхэхэр, зыхэт гупым иджыри зы джэгуГъуэ щиIэжу, финалым и 1/8-нэ Iыхьэм зэрыкIуар. Франджыхэм ар къэзыгъэхъулIэфынур тельыджэ гуэрщ.



Корее Ипщэм топищ хуэдэзыгъэкIа Игуаин Гонсолэ.

Джэгум кьыщIыхахуар Кайтэ кьыгурыIуакъым.

Франджым и тренер нэхъыщхьэ Доменик Райфон зэгупсысри и кIэлъ.

Франджым и футболымкIэ щекIуэкI XIX дунейпсо зэпеуэм мэкъуауэгъуэм и 17-м пищащ. А махуэм зэхэта зэIущIэхэм наIуэ кьащIащ Аргентинэм и командэ кьыхэхэр, зыхэт гупым иджыри зы джэгуГъуэ щиIэжу, финалым и 1/8-нэ Iыхьэм зэрыкIуар. Франджыхэм ар къэзыгъэхъулIэфынур тельыджэ гуэрщ.

● Дунейпсо зэпеуэ

Франджым дэIэпыкъуфын щыIэж?

● Абхъаз

Шинкубэ Багърат и фэеплъ Сыхъум къалэм къыщыIэIуах

Ар щагъэуващ Абхъазым и къалащхьэм и щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэу тенджыз Iуфэм егъэщIылIам.

ФЭЕПЛЪЫР къыщыIэIуахым кьрихьэлIащ республикэм и президент Бгъэлащ Сергей, вице-президент Анкваб Александр, правительствэм и Iэтащхьэ Шамбэ Сергей, тхаIуэм и бынхэмрэ и кьэрыпльхъуэрыпльхъуэхэмрэ, Абхъазым и Къакlуэхэм я союзым хэтхэр, студентхэр, еджакIуэхэр.

Фэеплъыр ящIащ скульптор Ахбэ Цырр, архитектор-хэу Касландзие Бесльан, Шаменкоэ Светланэ сымэ. Къэралым щынэхэзмкIэ и министр Логуа Нугзар зэрыжиIамкIэ, метрищ зи гъагъэ жэз скульптурэр зыхуэгъбэзэн кьэралым эзкIэ иткьым.

Шинкубэ Багърат и усыгъэмрэ проэзмрэ Абхъазми абы и щыIыбкIи щыщIэрыIуэщ. Псом хуэдэ гуэрщ щIыпIэ куэд зэпыщIысащ адыгэ-абхъаз лъэпкъэм я тхыдэм и пIэхъэнэ нэхъ хьэпъэ дыдэхэм ящыщ щым теуха «Жьлъэкъ» романыр.

Шинкубэ Багърат жыджэру хэтащ Абхъазыр хуит къэщIыжьыным теуха лъэпкъ бэнэныгъэм. Абы хэтъа лIыгъэм и щыхьэтщ абхъаз лъэпкъыр курджыхъэм зэрыдакъуэзэм теухауэ 1947 гъэм ВКП(б)-м и ЦК-м ягъэхьауэ щыта тхыгъэм Шинкубэ Iэ зэрыщIидзар.

Дунейм псом усакIуэщIэр къыщыщIалъытэр кьеГъэлъагъуэ мыпхуэдэ щапхъэми. Дызэрыт мазэм икIэм Будапешт кьалэм, мэкэрхэм и тIыпкIэ усакIуэщIхуэ Петёфи Шандор и цIэр зезыхъэ паркым, Шинкубэ Багърат и фэеплъ щагъэувынущ.

ГЪ УКIАКЪУЭ Идар.

Сабий зэчиифIэхэм я кIыщ

● Юбилей

ГуфIэгъуэ зэхьхьэр школым и зэIущIапIэ пэшышхуэм щекIуэкIащ. НыбжьыщIэхэм я зэфIэкIыр кьыщапшытэж концертым кьрихьэлIат районым, кьалэ администрацэм, Iуэхущ IапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, еджапIэхэм, жылагъуэ зэгухьныгъэхэм, Гъуазджэхэмкl Кавказ Ищхъэр кьэралинститутымрэ республикэм щыIэ макъамэ еджапIэхэм я унафэщIхэм я советымрэ я лIыкIуэхэр, Тырныауэ кьалэм гъуазджэхэмкIэ дэт сабий еджапIэм и гъэсэнхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ.

«Сабинугъуэм и кьалэ» уэрэд дахэмкIэ зэIущIэр кьызэIуихащ макъамэ еджапIэм и зэорым. Адэкlэ хьэщIэхэр щыгъуазэ ящIащ школым и тхьдэм, абы ноби я щыIэкIэ-псэукIэм, 1955 гъэм дэжьэн щIэзыдза еджапIэм Iуащхьэмахуэ районым щыпсэу ныбжьыщIэу миным щигъэм гъуазджэм епха щIэныгъэ зэрыщыраригъэIуэгъэн.

Хъуэхъу псалъэхэмкIэ гуфIэгъуэ зэIущIэр кьызэIуихащ Iуащхьэмахуэ район администрацэм и Iэтащхьэ **Соттаев Къурмэн**.

- Фи школыр, и пэжыпIэкIэ, зыхуэфащэ адэ хьэл щыIыну - жиIащ абы. - Илъэс 55-рэ льандэрэ егъэджакIуэхэм еджакIуэхэмрэ зэрызэпищIэм и мызакъуэу, блэкIам, нобэрей гъащIэм, кьэкIуэнуи яку дэт «ТхьэмыжкIи» ар. ФIыщIэхуэ яхудоущI гъуазджэр фIыуэ яIьагъуу ди щIэблэр кьэзыгъэхьу гъэсакIуэхэм. ФэркIэ догушуэу, фи лэжьыгъэм псэхьлэлкIэ фыбгъэдэтщ, дяпэкIи екъуэдэныгъэ фиIэну, школьнарефIкIуэну ди гущIэгъу.

Апхуэдэуи Соттаевым и фIыщIэ псалъэхэр хужиIащ Гъуазджэхэмкl еджапIэр кьызэIухуным зи мылъкур зи гущIэгъэ хэзыльхьа, Тырныауэ бгы-щагъэбатэ комбинатым и унафэщI Елай Борис. Соттаевым и гупсэу кьызэхуэсахэм жэрищIащ Iуащхьэмахуэ еджапIэр яухуэу макъамэ Iэмэпсымэхэмрэ зиIэлащIэкIэ ар кьызэзыгъэпэщащ Блайм «Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым щIыхь зиIэ и цIыху» цIэ льапIэр зэрыфIащар.

КьыкъэлъыкIуэу псалъапIэр хуит зыхуащIа КъБР-м ИТ-м хабзэмкIэ и министерствэм егъэджныгъэмкIэ и методикэ центрым и унафэщI **Iэрбэч Бесльан** щколым и махуэ льапIэмкIэ псомкI ехьэхьауащ. ГъуазджэхэмкIэ сабий ежьанIэм и лэжьакIуэхэм псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъащIащ, абы и унафэщI Койчуевэ Людмилэ «Семь чудес России» тхыльальбомыр тыгъэ хуищIащ.

ТАРИМ Алиэ.

● Фэеплъ

ЦIыхур псэущ ар цIыхубэм я гум илъыху



Чэлимэт Хьэбас

Мы махуэм илъэс мэхъу цIыху гъуэзэджэ, жылагъуэ дэжьахуэ щIэныгъэ, КъБР-м и Парламентым и депутат Чэлимэ Хьэбас Татьостэн и къуэр кьыззрытхэмыIыну.

ИУЖЬРЕЙ илъэс 15-я абы и щIэр кьыпуэхьпIэ имыIэу епхат Крупскэ Надеждэ и цIэр зезыхьэу щыта, Хьэбас и жэрдэмкIэ иужькIэ Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зыифIаца Лъэпкъ библиотекэм. Iуэхущапlэм и унафэ- щIу щытыху, Чэлимэтым хуэзэфIакIащ библиотекэ системэмрэ Къэрал лъэпкъ библиотекэмрэ иригъэфIэкIуэн.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министру щыщытами ар фIы дыдэу щыгъуазэ ди гъэ жьыгъэм, Iуэху кьыинкэрэ зэфIэка хьунымкIэ кьыддэIэпыкъурт. ТыдэмкIэ егъэзэкIуэу, комсомольскэ и организацэм и инструктору кьыщIэзыдзэу КъБАС СР-м и Министрэм я Совем и унафэщIым нэса Хьэбас а Iэнатlэкэм кьыхихэ щIэныгъэ, зэфIэкI псори кьынгъэсэбэп пырт библиотекэм и лэжьакIуэхэм я Iуэхур иригъэфIэкIуэн, абы екIуалIэ щIэджьыкIаIуэхэр зыхуейхэмкIэ кьыззригъэпэщын папщIэ. Библиотекэм кьыпащIыхьыжа уэуныгъэр зэпIэщIэу езы Iуэхущ IапIэри дэгъэуэ зэрагъэпэщыжа нужь, иджырей зэманми кьезэгъ, «Лъэпкъ фIэщыгъэщIэми хуэфащэ дыдэ ар хъуат.

Гъэпсэгъуэныгъэхэр кьызэгъэпэщыным деж щегъэжьауэ зэIущIэ зэхуэмыдэкIэ егъэкIуэкIыным щыщIэкIыжу Хьэбас зэмылIалIэ, гулыпэт зыхуимыщI щыIэтэкъым. АтIэми ятIыпкIуэ зэрымыуэу кьыздэкIуэну, мыбы щеджа цIыкIуэхэм цIыху цIэрыIуэхэр кьахокI, - жиIащ зэIущIэм я кIыщIу. Мы сабий зэчиифIэхэм я кIыщIу, мыбы щеджа цIыкIуэхэм цIыху цIэрыIуэхэр кьахокI, - жиIащ зэIущIэм я кIыщIу.

Урысей Федерацэм и цIыхубз артисткъ, СКГИИ-м вокалымкIэ и кафедрэм и унафэщI, профессор Гъэсашэ Натальерэ театр факультетым и унафэщI Мыд Мадинэрэ Гъэузджэхэмкl кьэрал институтым кьыбгъэдэкIыу екъуэхьхуащ зи махуэр зыгъэпIэхэм, цIыкIуэхэм кьахуащ-хьэпэну зэрырагъаджэ тхыльхэр щIо

УЗЫНШАГЪЭ

Мэкъуауэгъэм и 20-р Медицинэм и лэжьакIуэм и махуэщ

Щытыкlэ гугъум дыкъикlын папщlэ

Хабзэ хъуауэ, медицинэм и лэжьакIуэм и махуэр дэрадлым щагъэлъапIэ мэкъуауэгъуэм и кIэнгъэ тхъэмахуэм. Ар щIыхуэзм я узыншагъэр, гъашIэр хъумэн Iэнатlэм пэрытхэм я махуэшхуэщ. Зы щIыхь закъуи дунейм тету къыщIэкIынкъым я дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэу зэ нэхъ мыхъуми абыхэм захуигъэзэуэ.

ЕIущIагъэ къыхэхыныр дэтхэнэ зымкIи мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ, ауэ ар медицинэм епхамэ, абы пылъ жэуапIыныгъэри нэхъ ин мэхъу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ зы щыуагъэ щIыкIуи езы щIыхуми жылагъуэм дежкIи къыпIухуэмылъытэн хэщIыныгъэшхуэхэр къишэнкIэ хъунущи.

Медицинэм и лэжьакIуэхэм дзыхь хуащI щIыхуэм нэхъ лъапIэ дыдэу иIэр - и узыншагъэр, и гъашIэр. Аращи, Iэзагъэу, щIэныгъэу яб гъэдэлъыр къагъэсэбэпу къеIэзэну щогуфь. Нобэ техникэ и лъэныкъуэкIэ сыт хуэдэ зыужьыныгъэхэр щымыIами, медицинэм щынэхъыщхьэу къэнжкыр дохутырымрэ абы и дзIэпIкъуэгъуэмрэщ. Абыхэм я гу щабагъым, псэ къабзагъым, сымаджкэхэм Iэдэбу зэрахъщытым я пIэ иуэхэм щыIэ, къым. Дыкъэзыухъурехь дунейм псынщIэу зэрызихъуэжыр, узыфэщIэхэр къызэрежьэр, дэтхэнэ зыми езым и «сымаджэкIэ» зэриIэжыр къэпIытэмэ, гурыIуэгъуэ нэхъу сымаджэмрэ дохутырымрэ яку дэтъ зэпыщIэныгъэр зыхуэдэр. Ящыныкъуэ хэм деж сымаджэр зыхуэныкъуэр дохутырым и дзIэпыкъуныгъэм и закъуэкъым, ар хуейщ абы и гущIэгъуи, и зэхэщIыкIым. Аэр зэрыхуэ щытыкIэ гугъум ди Iэзагъ псори къэдгъэсэбэпу къызэритхыжьыкIэ щIыкIэ.

Дохутырым и лэ жьыгъэмкIэ къегъэлъагъуэ щIыхур Iуэхум гукIи псэкIи етауэ, абы хуэпэжу зэрыщытыфынум и щапхъэр. Пэжщ, апхуэдэ лэжьыгъэ гугъум къэралым куэдрэ зэуэфащэм гулъытэ хуищIыфакъым, ауэ нобэ а Iэнатlэм хуаIэ щытыкIэм фIы и лъэныкъуэкIэ зехьэжьэ. Дызэрыхуейм хуэдэу псынщIэ дыдэу ар къэмыхъуми, зэкъуэкIынкIыгъэхэр зэрыщыIэрн куэд и уасэщ.

Узыншагъэр хъумэн Iэнатlэр иджы къэралым политикэм щагъэнэхъапэхэм ящыщщ. «Узыншагъэ» лъэпкъ проектыр къэралым программэм хуагъэкIуэу, республикэм и дэтхэнэ щIыхуми фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ дзIэпыкъуныгъэ етыным хуаунэтIауэ мэлажьэ. Апхуэдэу абы и лъабжьэщ щIыхубзм я узыншагъэм кIэлъыплъынныр, «Анэхэм я мыпкъ», «Сабий зыгъэтыну бзыльхугъэхэм кIрат сертификат» программэхэр, нэгъуэщIхэр. «Узыншагъэ» лъэпкъ проектым мыхьэнэшхуэ зрит Iуэ хуэгъуэхэм ящыщщ щIыхуэр фадэ емыфэу, афиян зрамыхьэлIэу, зэран къахуэхъу нэгъуэщI Iуэху мыхъумыщIэхэм зыпыIуадзу псэуным кIыхуэдзэныр.

Узыншагъэр хъумэн Iэнатlэм щылажьэ куэдым я улахуэм хагъэхъуауэ, медицинэ Iуэхущ Iэнатlэр иджырей Iэмэпсымэ хэмкIэ яуэдащ, сымаджэщ, поликлиникэ зыбжанэ зэрагъэпэщыжащ.

А Iуэху псори ди Iэжьыгъэр егъэфIекIуэным, республикэм и щIыхуэм узыншагъэ быдэ яIэным хуэунэтIащ.

Медицинэм и лэжьакIуэ псоми фи махуэшхуэмкIэ сынывохъуэхъу. ЕкъулIэныгъэ, узыншагъэ быдэ фиIэну, щIыхуэм я арэзыныгъэрэ я фIыщIэрэ фIыщымыщIэну си гуапэщ!

ХУТУЕВЭ Светланэ,
УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр, РАЕН-м и академик, КъБР-м и жылагъуэ палатэм узыншагъэр хъумэныкIэ, демографие политикэмрэ экологиемкIэ и комиссэм и унафэщI.

Хьэхъупащlэ Сулеймэн.

Гиппократ и тхъэрыIуэр нэсу зыгъэпэж

Иджыблагъэ газетым сыкъыщеджащ щIыхуэ гъэзэджэ, Республикэ клиникэ сымаджэщым лъынтхуэ хирургиемкIэ и къудамэм и унафэщI Хьэхъупащlэ Сулеймэн Iуэс и къэзэтеухуа тхыгъэ. Сэри сыхуейт си анэ Жамбэч Сэ!имэт и лъакъуитIри операцэ зыщIа, лъынтхуэ узыр щхьэщызыха а дохутыр телъыджэм фIыщIэ ху эсщIыну.

ЦIыхур къэзыгъэщIам, шэн хэмылъу, и фэм дигъэху эн хуей зыщIэ щхьэхуэхэри, гуэгъу къызыуищащ. Апхуэдизэу а узыфэхэр пщхьэщызыхыфын, уи псэр шынагъу эзэхуэмыдэхэм къезыгъэзытIыпщу уи нэр зыгъэлпъэжьи Iамалхэмрэ хэкIыпIэхэмри кынгъэунэ хуащ. Зи гугъу сщIыр дохутырхэрщ, сымаджм и пIэ гуныкъуэгъуэхэр щхьэщызыхыу, ар гъащIэм нэжег ужу къыхэзыщэжыфхэрщ, абыхэм Тхьэ къаэрыху эпсэ зэфIэжыфрщ. Ми зым пэщIэвэу зэрефэныи Iэмалхэр Iэзэу къэзыуIупхъэщым, абы и IыхьэныкъуэкIэ уи гум ещIэжа хуэ мафIэ лыгъэр ужьхъыным псэкIэ хуэзалажьэм сыт хуэдэ щытхъури фIыщIэри ху эфащэкъэ?! Уебгъэмэ фIыщIэ ху эпщIынкр икуикIэ мащIэщ си гугъу сщIы дохутырIэ щабэ-Iу щабэм дежкIэ, атIэ лъэкIэ щIым утеувэху уэхуэхьуэхьуэныр хуэфащэ дыдэщ.

Сулеймэн нэгу зэлIыуфхэ, гугъэ къызыщIих и нэхэмкIэ къыщоплкIэ, гу щабэм къиуKI макъ гуапэкIэ псальэу щызэхэпхIэ, къыхуигъэщIам ярейуэ екIупс и дохутыр фащэр щыгъыщ щыплъагъукIэ, мыпхуэдэу уемыгупсысын плъэкIыркъым: «Гі насыпщ, фIыщщэ илъагъу и Iэщlагъэр къыхиха къудей мыхьуу, езы лжьыгъэмэ зэман ку эдкIэ къиIыхьхуэу кынгъуэтэ пфIощI».

И унафэм, и жьыIэм щIэт Iэщlагъэлlэмэ ядумылъагъуу кьанэркъым Сулеймэн и гумызагъагъэр, щабагъэр, сымаджэм и узыр куэдкIэ зыгъэмащIэ бгъэдыхьэкIэ гуапэр.

Сыхуейт иджыблагъэ си анэм сымаджэщым къыдыщIэлъаэхэм я щIэхэри къыхэзгъэщыну: КIуащ Любэ, Апажэ Хьаджэт, Шэру Женя, Бжьахьэ э Iерэ, Былымгъуэ Iидэ, Тамбий Заремэ, Дол Светланэ. ПэшитI хэпытым зы узыгъэуэ хуэдэу, зым и узым адрейр иригумэщIрэ зым иефIэкIуэныгъэм адрейр щыгуфIыкIыу зэдыщIэлъаэхэм псоми я гугъапIэр зыт - зи Iэмыщ1эм иль дохутырыт, зэпыу имыIэу фIым щIэбэныр т.

Си тхыгъэм зи гугъу щысщIа хирург Iэзэм теухуа псальэхэмкIэ куэдым я гум сыкьипсэлъыкIэуэ къыщIэкIынущи, сынохъуэхъу, Сулеймэн, зи щхьэр къыпхуэзыгъэтIылъу къоКIуалIэ дэтхэнэми къаухуэпIылъхуэу узыншагъэм и кIурыкым зэи ущымыщIэну, фIыгъ ужрэ насыпмрэ уи унагъуэм щытепщэу ильэс куэдкIэ уи Iэнатlэм упэрытынэу!

ЖАМБЭЧ Рабия.
Альтуд кьуажэ.

● ФIыщIэ

Налшык къалэ дэт клиникэ сымаджэщ № 1-м гум щеIэзэ и къудамэм ныжьыбгагъэ дыщIэлъытати, ди щхьэкIэ дгъэунэхуащ ар зи Iэщlагъэм фIыуэ хэзыщыкI докутыр лъэщхэмкIэ къызэрызэгъэпэщащ. Дымыгъэщlэгъэун тлъэкIакъым мы щылажьэ гупым я эхэтыкIэр, я гъжьэкIэр. Япэ махуэхэм щыщIэдзауэ гупым тэщхуэ щыдгъуэтащ мы сымаджэщым.

ХьэмЫЗ Мадинэ зи унафэщI отделенэм щылажьэ псори зы жыпхъэм тету къыхаха хуэдэщ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми ди гум къыхуинар фIыщ - псори гуГъэзагъэу къыткIэлъыплъащ, къыдахьэпIа хущIъуэхэм къадэкIуэу, я гуапагъэмрэ псальэ Iэфы мрэ ди лъэр нэжь жан ящIащ.

Псом хуэмыдэу дгъэщIэгъащ а Iэнатlэм япэ лъэбакъуэхэр щызыч Iуащ Iо Руслан лэжьыгъэм хуиIэ гудзакъэр. Мы зэманым Руслан а сымаджэщым интернатурэр щрехьэкI, абы кьыдэкIуэуи медбрату щолажьэ. Дэтхэнэ зыми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуигъэуту, и псынщIэным хущIэкъуу, нэщхъ зэкэль дымыгъэлъагъуу, псалъэ гуемыIу зэхыдимыгъэхыу ар кьыдэIэлIащ сымаджэщым дыдзэщIэлъа зэманым. Абы хуэдэ медицинэ лэжьакIуэхэр нэхъыбэу диламэ, дохутырхэм яхэгъэзауэ зэхэтх тхьэусыхафэхэри щыIэжьынтэкым.

Я насыпщ апхуэдэ бын зыгъэса адэ-анэми, ар къызыхэкIа лъэпкъми. Дохъуэхъу дохутыр щылэм и щIэныгъэми лэжьыгъэм зэфIэкI лъагэхэр щиIэну, щытхъу псалъэр и бзу дунеим тетыну.

Апхуэдэуи фIыщIэ яхуодощI Хьэмыз Мадинэрэ къыдэIэзэ дохутыр Чочаевэ Аминэрэ щIалэгъуалэм гулъытэ хуащIу, абыхэм щапхъэ яхуэхъуу и лэжьыгъэр зэрырахьыжьым папщIэ.

Налшык къалэ дэт клиникэ сымаджэщ № 1-м гум щеIэзэ и къудамэм и палатэ № 1-м щIэлъхьэу
Тежаев Хьэуа, Гузиевэ Еленэ, Моллаевэ Лизэ, Бичекуевэ Фатlимэ, ХьэшIкIуу Люсенэ, Круглов Светланэ, Рехвиашвили Тамарэ *сымэ.*

Гъущlо Руслан.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Гъущlо Руслан куэд хузэфIокI

Дэбагъуэ Олег.

Шэрхъ Залинэ.

Зым имыщIэмкIэ адрейр догуашэ

Узым къыхигъэзыхьа цIыхум япэ дыдэ и гур зэрэжр дохутырым и дежщ. ГъащIэм хуиIэ ныдэжыр зыхихьэжьынымкIэ абы и гугъапIэ псори ирепх. ЗарыжаIэу, абыхэм я псалъэ гуапэ къудейи сымаджэхэм хущIъуэ яхуохьу. Апхуэдэу узым уи псэм къытрилъхьа гуэзвэгъуэр пщхьэщызых, дэрэжэгъуэ къозытыжьыф дохутырхэм сыт хуэдиз щытхъуи фIыщIи яхуэфащэщ.

УЗЫМ сыкъхихигъэзыхьу Налшык дэт республикэ клиникэ сымаджэщым сашат. Дохутырхэм си узыр зыхуэдэр къаухутэри, хирургие къудамэм сагъэгъуэлъащ. Операцэ самыщIу хъунутэкъыми, хирург Iэзэхэу Дэбагъуэ Олегрэ Шэрхъ Залинэрэ, анестезиолог Тумэ Маринэ я гъуэсу, Iуэхур хъарзынэу зэфIэхащ. Тхьэм и фIыщIэкIэ, а дохутырхэм лъэкIэ сыкъызэфIагъэувэжащ.

Я лэжьыгъэм зэрыхуэIэижьыр плъагъурт Олеги Залини. Абыхэм я псалъэ Iэфым, я Iэпэ щабэм я фIыгъэкIэ сыкъэщIэрэщIэжащ. Олег пщэдджьжьым жьыуэ палатэм къыщIыхьэрт, сымаджэхэм зырызыххэу къыдбгъэдыхьэрти, нэху дыкъызэрекIам къыщIэупщIэрт, набдзэгубдзапIъэу ди уIэгъэхэм епIырт. Игу зыхуэныкъуэ гуэр ильэгъуамэ, ар зыхуей хуэмызыуэ псэху иIэтэхъым. Мис апхуэдизу къыхаха IэщIагъэм пылъ жэуапIныгъэ псори нэсу зырызыхащIэрщ Дэбагъуэри Шэрхъри зэIэзэхэм ягу щIыдыхьэфыр.

Хирургие къудамэм и лэжьыгъэр хъарзынэу зэтеублаауэ йокIуэкI. Олегрэ Залинэрэ я лэжьэгъу дохутырхэу Дзэгъэл Марат, Джэдгъэф Залинэ, Мысрокъуэ Мурат, Гугъуэтыж Рустам сыми яхуэгъэза щытхъу псалъэ куэд зэхэсхащ а сымаджэщым сыщыщIэзыам. Сымаджэм и узым къыщэригъэзэнур абы игъуэт гулъытэм зэрелъытар кьагурыIуэу я Iэнатlэр ирахьэкI медесстрахэу Тэрчокъуэ Ларисэ, ХьэщIыкIу Женя, Къуэдзокъуэ Зухра, Гелэховэ Маринэ, Холлаевэ Татьянэ сымэ. Мы сымаджэщым сыщIэлъыху псалъэмакъ лей щызекIуэу зэхэсхакъым: бынунагъуэшхуэм хуэдэу зэгурыIуэу, зэчэнджэщхэу, зым имыщIэмкIэ адрейр дэгуашэу щхьэж и къаэныр егъэзащIэ. Шэч хэмылъу, абыкIэ фIыщIэр зыхуэфащэр къудамэм и унафэщIыр. Абы лэжьыгъэм хуиIэ бгъэдыхьэкIэрщ апхуэдэ зэхэтыкIэ дахэм и лъабжьэр.

Си тхыгъэ кIэщIым и кIэуэху хирургие къудамэм и дохутыр гумызагъэхэу, зи Iэпэри си псалъэри хущхъуэхэм сехъуэхъуну сыхуейт я унагъуэкIи, я лэжьыгъэкIи гукъуэу ямыIэу, езыхэр узыншэрэ сымаджэу къыхуашэхэр ягъэхъуэжьфу IуIухуэм зэрыдэIэпыкъум я гукъыдэжьым зыкъыдиIэту куэдрэ я Iэнатlэм пэрытыну.

ДЖЭДГЪЭФ Тамарэ.
Бахъсэн куей, Зеикъуэ къуажэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Чамсирэт

Ныжьыщlэхэм Iэщlагъэ яхуэхъунур иджыри курыт еджапIэм щIэсу къыхах. Нэхъапэхэм школыр къэзыухэм я нэхъыбэм я хьэрэпсапIэт медицинэ еджапIэхэм щIэтIысхьэныр. Дохутыр Iэщlагъэм сыт хуэдэ лъэхъэнэми пщIэ иIэщ икIи сыт щыгъуи щIыхуэр зыхуэныкъуэщ. Пэжщ, ижьрей зэманым щIалэгъуалэм нэхъ зытрагъашIэр экономикэ, юридическэ щIэныгъэхэрщ. Дауэ мыхъуми, нэхъыщхьэр гурэ псэкIэ а Iэщlагъэр къыхэпхауэ щытыныр, уи Iуэхущафэкlэ щIыхуэм сэбэп уаззрыхуэхъуным хуущIэкъуныр.

А ПСОРИ зэпилъытат Арщыдан жылэм къыщыхъуэ Сунш Чамсирэт и Iэщlагъэр къыщIихиым икIи курыт школ №1-м щIэсу быдэу игу ирилъхьат дзэм еIэзэ дохутыр хьуну. 1976 гъэм еджапIэр ехъулIэныгъэкIэ кьиуха нэужь, Налшык дэт медицинэ университетым и тхыпсэр зэригъэуцуфат. Ауэ абы щыгъуэм хъыджэбэ щIыкIум и мурад къехъулIакъым, икIи къыкIэлъыкIуэ гъэми а еджапIэм щIэтIысхьэну хэтащ Чамсирэт. Арщхьэкlэ ар и хъуэпсапIэм щытеIэбар ещанэ илъэсырщ - Мэхъэчкъалэ (Дагъыстэн) дэт медицинэ институтым и студент щыхъуам, Чамсирэт и гуфIэгъэуэм гъунэ иIэтэкъым.

Арщыдан щыщ пщащэм институтыр къиуауэ къиГъэзэжа иужь, дзэм щIэлэзэ поликлиникэу Аруан районым щыIэм лэжьэн щыщIидзащ. Абы илъэсиплIкIэ щылэжьауэ, Чамсирэт и унагъуэ Iуэхукlэ Иркутск областым къыщыщIидзащ. Мыбдежми Iуэхуншэу щысакъым Сунш, илъэсищкIэ ар щылэжьащ щIылпэм щыIэ медицинэ Iуэхущапlэхэм ящIащ зым. Къыщалъхуа щIынальэм къэкIуэжри, нэхъапэм щылажьа поликлиникэм и къудамэм и унафэщIу зегъуващ. Дауи, а Iэнатlэр абы дзыхь къыхуэзыщIахэм ящIэрт Чамсирэт и лэжьэкIэр. Ар зыщIыхуэхэм зэрыжаIэжмкIэ, зыхъуакъым абы зыгуэрым и жагъуэ щища, е «нобэ си Iуэху Iуэкlуэхым», е «нэхъ пасэу сыщIэкIыжьын хуейщ» жиIэу щIыху щигъэщIэхъуэ. Уеблэмэ и щхьэ Iуэхури зригъэтIылъэкIыри, и лэжьэгъуэ зэманыр иухами, зыкъыхуэзыгъэза псоми зэрыхьэкIэ ядэIэпыкъурт. Нэхъ иужькIэ Суншыр дзэ дохутыру щылэжьащ Нарткъалэ дэт химкомбинатми. Абы щыщIа илъэсхэм КъБКъУ-м ординатурэр къыщиухащ.

Чамсирэт щIэхъуэпсыр ешым и уней Iуэхущапlэ иIэну, икIи си мурадхэм ярыщу хуэкIуэ бзылъхьэгъэм ари зригъэхъулIащ. Абы Нарткъалэ къыщыщIэуихащ «Улыбка» зыфIища, дзэм щIэлэзэ клиникэ. Абы щIыху кэд къыщэрелуалIэр и щIыхь щIыкIэ клиникэм и лэжьыгъэр тэмэму зэтеублауэ зэрекIуэкIыр, дэтхэнэми и гум дыкьэу Iуэхутхъэбзэ зэрыхуэщIэр.

- Мы зэманым кэд дыдэу хъуащ дзэм щеIэзэ уней поликлиникэхэр, - зыхуэзгъаззэ сэ Чамсирэт. - Дауи, тыншу къыщIэкIынукъым а поликлиникэхэр? - Ар пэжщ, - жеIэ Чамсирэт. - Ди къалэ щIыкIум и закъуэ къащти, дзэм щеIэзэ уней поликлиникэхэр щымащIэкъым. Къапщтэмэ, сэ ахэр си лэжьыгъэм зэран къыхуэхъуркъым, сыт щхьэкIэ жиIэмэ Iуэхуншэу махуэр щыкIуэ къытхуихуэркъым. Сэри, си лэжьэгъу дохутыркъэ Дзхъуэхэ Залинэрэ ФатIимэри, Матвеевэ Татьяни дызыхуIэкъур зыщ: ди деж къэкIуа цIыхур арэзы зэрытщIынырщ, гукъыдэжьи и нэгум къищу зэрыщIэдгъэкIыжьынырщ.

Апхуэдэу я лэжьыгъэр ирамыхьэкIэтэмэ, а Iуэхущапlэм и цIэр, щэч хэмылъу, фIыкIэ Iунтэкъым, абы и лэжьакIуэхэм яхуэгъэза щытхъу псалъэхэрщ поликлиникэм цIыху куэд къахуэзыщIаларэ.

Чамсирэт унагъуэ дахи иIэщ. Ар зыпэрыхьэ сыт хуэдэ Iуэхуми тригъэгушхуэу икIи къыщIыхьэу и щхьэгъуэгъэ Iуэгурчl Артур. Абы щIэныгъэ нэхъыщхьэ зыбжанэ иIэщ, БАМ-м щылэжьащ, мы зэманым «Роспотребнадзорым» и IэщlагъэлI пажэщ.

Зэщхьэгъуэсхэм я бынитIри адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ щапIыкI, сытым щыгъуи цIыхум дэIэпыкъуэгъу уэзрыхуэхъун хуейр я щапхъэмкIэ ягъэлъагъуэу ягъасэ. Я щIалэ нэхъыжьэ Астемыр и анэм и лъагъуэм игъуэжащ - ар КъБКъУ-м и медицинэ факультетым щIэсщ, япхъу Дианэ курыт школым и еджакIуэщ.

ХУЖЬОКЪУЭ Александр.
Лэскэн куей.

Хъуэпсапlэхэр нахуапlэ мэхъу

Илъэси 8-м щIигъуащ Пшыкъ! Латмир дохутыр-дерматовенерологыу зэрыплажьэрэ. Дагъуэншэу а Iэнатlэр езыхэжкI щалэм творческэ зэчти бгъэдэлъу. Ар У Ф-м и Тхакlуэхэм я союзым хэту, «Пшэдджыжь пшэпI», «Гум тель дыркъуэ» уэ тхылъхэр кьыдигъэкIащ. Дохутыр-усакlуэм и Iэдакъэщlэкlэхэр щыIэхъуэхьэса ещанэ тхылъри мыгувэу дунейм кьытехьэнущ.

- Латмир, дохутыр Iэщlагъэми хъарзынэу уэхэгъэзащ, уэ тхынри фIы дыдэу кьохьулIэ. Къапщтэмэ, а Iуэхугъуитlыр зыкIи зэпхакъым. Уэ дау э уи ныхъхэт абыхэм?

- Сызэрыщыкlуэр дохутыр Iэщlагъэм сыщIэхъуэпсыр икIи ерыщу ар зэрызэзгъэхъулIэным сыхущIэкъурт. А си хъуэпсапIэр нахуапIэ хъунымкIэ къэдкIэ дэIэпыкъуэгъу кьыскъэхъуащ Бизнесымкlэ институтым и ректор Хьурей Феликс. Литературэм сыдихьэхащ курыт еджапIэм сыщыщIэс лъэхъэнэм. Сэ сыкьыщыхъуащ Къулькъужьи Iпщэ кьыжьэгъу, абы дэт курыт школ №2-р къэзухащ. Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ си егъэджакIуэу щыта Нанэ Любэщ анэдэлъхубзэм хузиIэ лъагъуныгъэр къэзыгъэущар. СфIэфI дыдэу сыкIуэрт абы литературэмкIэ кьыIэнгъэпэща гупжьейм. Мис апхуэдэу Любэ сытригъэгушхуэрэ уэ тхыни щIэздзащ. Ахэр мыхъэмытIэу «Нур» журналми «Адыгэ псалъэ» газетми кьытрадзащ.

- Уи адэ-анэм дауэ кьаушыхъуат апхуэдэ Iуэхур?

- Ахэр тIури я Iэщlагъэкlэ егъэджакIуэти, литературэм сыз эрыдихьэхьи ягу ирикьырт икIи сыт и лъэныкъуэкIи кьыздаIыгъащ. Апхуэдэу зы махуэ гуэрым «Нур» журналым и редакцэм си адэм сишауэ адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэхэу Бештокъуэ Хьэбас, Къэжэр Петр, Журт Биберд сымэ абы дащыхуэзэат. Нобэми гуапэу сигу кьокIыжь а усакIуэ цIэрыIуэхэр кьыхэзгъэпэсэльэр, абыхэм чэнджэщ кьызатахэр, я Iэхэр щIэдзауэ я тхылъхэр тыгъэ кьызэрысхуащIар... Нэхъ иужьыуэкIэ Хьэх Сэфарбий зи унафэщI «Шыхьлъагъуэ» литературэ хасэм кIуэн щIэздзащ. Къалэмыр къэзыщта ныбжьыщIэхэр абы дащыIущIэрт зи IэдакъэщlэкlэхэмкIэ тцIыхуа усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ, абыхэм ди тхыгъэм дакьыхуеджэрти, ар кьаэзрыщыхуам теухуа я Iуэху еплыкIэхэр кьыджаIэрт. Апхуэдэуи литературэм ныбжьыщIэхэм я семинархэу ильэс кьэс ирагъэкIуэкIыу щытахэми жыджэру сыхэтт Мис ахэри сэбэп кьыскъуэхьауащ литературэм си лъагъуэ щыхэсшынымкIэ.

- Хъыгъэм и сыт хуэдэ жанрым нэхъ удихьэхэр?

- Абы и лъэныкъуэкIэ зы унэтIныныгъэ гуэр хэзубыдыкIауэ щыткъым. Сызэрыт щытыкIэм ельытауэ, сыт хуэдэ усэми сыкьеджэфынущ. ПсэкIэ нэхъ спэгъыунэгъуэ «дыжьын лIэщIыгъуэм» и усакIуэхэу Ахматовэ Аннэ, Пастернак Борис, Цветаевэ Маринэ сымэ я Iэдакъэщlэкlэхэр.

- Уэ уи Iэдакъэщlэкl уэсэхэр дауэ кьызэрыуплъэхур?

- Сызытетхыхьыну Iуэхуу Iуэхуэзэр ар кьызэрызгъэлъагъуэну псалъэхэри я щIыкIэ си щхьэм щызызэгъэзэахуэ, итIанэ тхылъымпIэм тызотхэ. СыхущIокъу нэщхькIэгъу кьызыхэщ усэхэр зэрызымыт хыным, сыт щхьэкIэ жьипIэмэ, гу лъатауэ кьызэрызыжьаIамкIэ, ахэр ижькIэ гъащIэм кьыщыхъу щIыщ.

- Сэ зэрысщIэмкIэ, уэ КъБКъУ-м и медицинэ факультетым уэзрыщеджэм хуэдэуэ «Адыгэ псалъэ» газетым щIэныгъэ щIэлъащ. Ауэ ар зэрыщыхъуэ зырызщ жысIэмэ, егъэлеяи хьуну кьыщIэкIынкъым. Докутырым хэлъ хуей ахьэ а бзылъхугъэм. Ар щапхъэ икIи гуАзэ схуэхъуащ.

- А унэтIныныгъэмкIэ сыт хуэдэ хьэныныгъэхэр медицинэм иГъуэта?

- Мы зэманым дызэIэзэ зыфэхэр къызыхэкIыр щыгъаГъэншэу къозыгащIэ Iэмал Iэхуэмыдэжэр къэунэхуащ, апхуэдэуи хущхъуэфI дыдэхэр кьыщIагъэкI хъуащ. Ауэ зэрыныншхуэщ докутырым и чэнджэщ хэмыту хущхъуэхэр дэнэ щIыпIи кьыщIыпщэхуфэ зэрыхъуар. Пэжыр жьипIэмэ, антибиотик дыдэхэри докутырым и Iэ зыщIэльъ тхыгъэ ямыIыгъыу цIыхухэм есщэнтэкым. Европэм апхуэдэ ущрихьэлIэныкъым: докутырхэм зы хущхъуи пхуатхынукъым уи узыр зыхуэдэр кьамащIауэ, апхуэдэ тхыгъэ уимыIыгъым, аптекэм и лэжьакIуэхэмри зыри кьыщэнукъым. Дэ сыт дызрихьэлIэр? ЦIыхухэм нэхъыбэу дэ зыкъыщытхуагъаэзэр я узыр хэтIэса нэужьщ, езыр-езыру зэIэзэжьи щIадзэри, ди хущхъуэхэри сэбэп щаху щаху эмыхъуж къо хуу.

- Апхуэдэ хуэфэщэн сыт нэхъыщхьэу лъабжьэ яхуэхъур?

- Сымаджэхэм дащепсалъэкIэ наIуэ мэхъу я узыфэхэр къызыхэкынкIэ хъунымрэ абы хэщIыкIыр зэрымащIэ дыдэр. Мыпхуэдэ Iуэхуэхэм я щхьэр течауэ унагъуэми школми щытепсэлъыхьыфкъым. Балигъыпlэ иувэ ныбжьыщIэм упщIэ и куэдщ, абыхэм я жэуапыр и чэзум Iэрымыкьэмэ, адэкIэ ар зыхуэIкIуэнур гурыIуэгъуэщ. Зэрыныншхуэ мэхъу я зыныкъуэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэри, абыхэми ныб жьыщIэхэр Iуэхугъуэ мыхъумыщIэ куэдым кьыхураджэ.

- Уэ узэреплъымкIэ, цIыхур сыт хуэдэу зэрыщытын хуейр?

- Дэтхэнэ зыри игурэ и щхьэрэ зэтелъу щытепхъэщ. ЦIыху зэхущытыкIэхэм я гугъу пщIымэ, си щхьэкIэ сыкъэзыухьуреныхэм пэжу сэзэрыхуэщытынкъым, Iейр куэдрэ сигу зэризмыгъэлъыным сыхуащIокъу.

Епсэлъар
ДУДАР ФатIимэщ.

Напэкlуэцlыр зыгъэхъэзэырар **ШХЬЭЩЭМЫЩI Иэзэ.**

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Нэхъапэм зэрытхэу щытар

● Фэ фщIэрэ?

НЭХЪ ПАСЭМ цIыхур сыт кьыIэрыхьэми, абы тетхыхь арат: мывэ, тхьэмпэ, кьупщхь, ятIагъуэ, н.кь. Мывэ кIахэкIэ е кьупщхь папцIэкIэ абыхэм зыIуеи дамыгъэр тратхэрт.

Вавилон кьэралыгъэжьыр кьапщтэмэ, абы щыпсэухэм папцIэ гуэркIэ ятIагъэу уплъэщ зыхуейр тратхэртэ, ар ягъэзэ ущыIэт итIанэ хьэкукIэ ягъэ жьэжьыр. Ар нэхъыбэрэ зекIу энут, ауэ кьыздетхэхьэмну, пкъымэну гугъут.

Нэхъ иужькIэ, щыхуэхэм Iэмал тынш кьалъыхьуэу щIадзащ. Нил псым и Iуфэм иIэ псыпцIэхэм кьэкIыгъэ хьэлэмэт гуэр къыдекIыр ъ и пкъыр кIыхьрэ и щхьэщыг ур кьэрбагъэу. Абы зэреджэр папируст. Мис аращ Мысырым щыпсэухэм узытетхыхь хьэм пкIыгъуэ ягпэу кьызыхахар.

Папирусым и пкъыр пIащIабэзу, и бгъуагъкIэ кIуэу э маст ъ эхIэ зэгуахырт. Ахэр зэпагъапщIэрти, зы напэ хуэдизэ хьу тхьылымпIэ кьыхащIыкIырт. Апхуэдэу зыкъом ящIа нэужь, хьэлъэ гуэр тралъхьэрти, яупIэщIырт. ИтIанэ дыгъапIэм далъхьэрти ягъэгъущыр, нужькIэ ягъэщIуужыр. Абы зэреджэ эр кьызыхах кьэкIыгъэм ж ущэуэт - папирустэ. Ар ящкъ рей тхылъымпIэм и кьежьапIэ хьуа кьудейкъым, атIэ хамэ кьэралыбзэ куэдым абы и цIэу кьышIагъэсэбэпыр аращ.

Нэмыцэхэм - «папир», франджыхэм - «папье», инджылызхэм «пейпер» жаIэ.

Папирусыр зехьэнъуейт, зэкIуэщIыплъ хьэ хьурт экьым. Абы кьыхэ экIкIэ, ар лентI кIыхьу ящIырт, башым фIашьхэ хьууэ. Арат тхьылъ папщIэуи, дэфтэруи кьагъэсэбэпыр. Башыр Iэ сэмэгумкIэ яIыгъыу, Iэ ижьымкIэ тхьылъымпIэр кьытращуурэ кьé джэу арат. Папирусым нэмыщIкIэ, языныкъуэ пальмэхэмэ кьащIыкIырт тхьылъымпIэ. Ар Индиемрэ Тибетымрэ кьышIагъэсэбэпыр.

Иджыпсту дыгъэрытхэ тхьылъымпIэр кьышIагупсыгар Китайращ. Европэм щыпсэу алыджехэмрэ урымхэмрэ папирускIэ тхэуэ щыщытхэм, Китайм и цIыхуэхэм тхьылъымпIэ кьагъэсэбэпыр т. Ар бамбуковым кьыхащIыкIырт. Абы тхьылъымпIэр зэрыщIыдзыкIыр щхьэр ящIэ кьыкIри Европэ псор зэлъыщIысащ.

ШЫПШ Даянэ.

Шэрджэс Евгение и дерсхэр

● ЕгъэджакIуэм и илъэс

ПIщэдджыжьым сыхьэтиим ирихьэлIэу а гъуэгум ирокIуэ сумкэшхуэ зыIыгъ, ныбжьыкIэ мыщIалъэк бзыльхугъэ. Ар зэкIужщ, щэныфIэщ, зэпIэзэрытщ. Си егъэджакIуэращ ар - Шэрджэс Евгение Залым и пхъурщ.

Пщэдджыжь къэс махуэ щIэм щыгуфыкIыкIуэ школым макIуэ ар.

Щыпсэу лъэхъэнэм и цIыху пажэкIэ уеджэ хьуну пIэрэ абы? Сэ сызэрелъытымкIэ, хьунущ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, и гъащIэр щIэблэр егъэджэным, гъэсэным триухуащ. Университетыр кьызэрыухрэр ди школым щолажьэ Евгение. Илъэс 37-рэ мэхъу абы лъандэрэ. Псалъэ дахэ куэд хужьпIэфынущ си егъэджакIуэм, аущ ар адрейхэм зэремыщхьыр, абы хуэдэ зэрыщымыIэрыр кьызэгъэщIыну сыхуейщ.

Евгение урысыбзэмрэ литературэмкIэ ирегъаджэ. Езым и Iуэху зехьэкIэ щIхьэхуэ иIэжти, абы и дерсхэм дыщIэзэшакъым, кьыджиIэ псоми дыщIыдригъэзэхьфащ.

Урысыбзэмрэ литературэмрэ фIыуэ зэрыдигъэщIам кьыджиIуэу ди егъэджакIуэм дыхуигъэсащ пэжагъым, кьабзагъэм, ныбжьыгъуэм, гуапагъэм, гущIэгъуэм. Абыхэм ауэ тхутепсэтыхьэ кьудейуэ аракъым ди егъэджакIуэр. атIэ гъащIэм кьыщыхьуэ щапхьэхэр кьыгъэхуныхьуэр, щытыкIэ зэмыIэужьыгъуэхэм щихуам деж цIыхум ищIэн хуейхэм дыхунгъэIущащ.

Дерсыр щекIуэкIкIэ, Евгение нэхърэ нэхъ ткIийрэ, жэуап тэмэм кьэзыгъыхьуэрэ щыIэу кьыщIэкIынкъым. Ауэ урокыр ихунамэ, ар еджакIуэхэм тщыщ мэхъу, ди ныбжьэгъуэм хуэдэу кьытхэтщ. Ди гуфIэгъуэхэри, гуныкъуэгъуэхэри, зи ужь диIт Iуэхуэри кьыщIедIыгъ, кьыдегъэпсынщIэ ди егъэджакIуэм. Псоми я гум итыр зыхэщIэ абы, псоми ядоIэпыкъу.



Шэрджэс Евгение

Илъэс пщыкIуэкIэ зэущIэса, япэ ныбжьэгъуэр щIэзэбгъэгъуэта школыр, апхуэдизрэ кьыббгъэдэта егъэджакIуэ хэр гупыкIыгъуейщ, ауэ сэ кьыIэрыщIыкIыр зыхуймкIэ, Евгение ауэдэ егъэджакIуэхэр иригъэджажэм япэIэщIэ хьуркъым. Дэри дигу илъынущ ар, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы кьыдита чэнджещхэр игъащIэкIэ гъуазэу диIэнущи.

ЖАБО Фатимэ,
Аушыджэр курыт школыр мы гъэм кьэзыуI.

● Псалъэжьхэр

УплащIокIэ, насып кьыпхуэубыдынукъым

◆ Жьым щытхъуи, щIэр кьащтэ.
Адыгэ.

◆ Удым хэлъым ущыгугъыу, IэкIэ пIыгъыр умыутIыпщ.
Абазэ.

◆ Хахуагъэр щыкIуэдым, жьыгъэм кьыщIедзэ.
Осетин.

◆ Нэхъжьыжьи и Iэзэгъымрэ нэхъыщIэм и жьыдэкрагъымрэ зэущIыгъуэхъэщ.
Шэшэн.

◆ УплащIокIэ, насып кьыпхуэубыдынукъым.
Къумыкъу.

● Зывгъэдахэ

Напэм фIыззрыкIэлъыплъыну Iэмалхэр

Кьыззрагъэсэбэпыр: щеткэ щабэ цIыкIукIэ напэм щыбохуэ. Дакъикъэ 20 дэкIа нэужь, псы кьэкъуэлъа гъэупщIыIужакIэ ботхьэщIыж.

МыIэрысэм кьыхэщIыкIауэ

Хальхьэхэр: пхъым и псу зы бжэмышх цIыкIу, зи хуIгъуэ ирикъуа зы мыIэрысэ щабэ, зы джэдыкIэпс.

Эрагъэхьэзырыр: зэхьэболъхьэри, фIыуэ зэIыбощIэ.

Кьызэрагъэсэбэпыр: IэпэкIэ напэм щыбохуэри, дакъикъэ 20 дэкIа нэужь ботхьэщIыж. ИужькIэ крем гуэр щыпхуэжьныр нэхъыфIщ.

● ЦIыхушхуэхэм я гупсысэхэр

Пащтыхьыгъуэ зыIэщIэмылъ пащтыхь гуащэ

ЛэжьыгъэкIэ кьыумыгъэщIэрэщIэж кьарур мыхьэнэншэ мэхъу.

ПИСАРЕВ Дмитрий,
урыс публицист.

Цыхум и гупсысэм нэхъ рэ нэхъ хуит щыIэкъым.

ЮМ Давид,
инджылыз философ.

Зыри фIыуэ зымыльагум, кьыззрысфIэщIыкIэ, езыри зыми фIыуэ кьиIльагъркъым.

ДЕМОКРИТ,
альдж философ.

Гуапагъэ щIэным кудрэ егупсысым ар щищIэн зэман кьыхуэдэхуэркъым.

ТАГОРРабиндранат,
индие усакIуэ.

Дахагъэр - ар и пащтыхьыгъуэр куэдрэ зыIэщIэмылъ пащтыхь гуащэ.

СОКРАТ,
альдж философ.

Гуапагъэр нэхьыфIщ, дахагъэм нэхъ рэ.

ГЕЙНЕГ енрих,
нэмыцэ усакIуэ.

Щыкъым хуэкIуэ гъуэгур зэрыпкIар лэжьыгъэщ.

ПУБЛИЛИЙ Сир,
урым усакIуэ.

● Гу зылъытапхъэ

Киномрэ телевиденэмрэ фIыхуеджэ!

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ КъБР-м и Кинематографистхэм я союзымрэ конкурс ирагъэкIуэкI «Киномрэ телевиденэмкIэ Санкт-Петербург хэкуэ университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щIагъэгъуэт къэрал Iуэхугъэ Iапэм республикэм кьыбгъэдэкIыу мы Iэщ Iагъэхэмкlэ щIагъэджэнхэр кьыхэхьным теуIуэрэ.

- «Киномрэ телевиденэмрэ макъымкIэ я режиссурэ» - 1 цIыку (очнэу). Кьэрал экзамен зэгуэтхэр урысыбзэмрэ литературэмкIэ итын хуейщ.

- «Киномрэ телевиденэмрэ я режиссурэ» - цIыхуи 2 (1-р очнэу, 1-р заочнэу). Кьэрал экзамен зэгуэтхэр урысыбзэмрэ литературэмкIэ ятын хуейщ.

- «Кинооператор Iэщ Iагъэр» - цIыхуи 2 (1-р очнэу, 1-р заочнэу). Кьэрал экзамен зэгуэтхэр математикэмрэ химиемкIэ ятын хуейщ.

- «Iэхэуцl Iапl Iэм и менеджмент» - 1 цIыку (очнэу). Кьэрал экзамен зэгуэтхэр общественэнаниемкIэ итын хуейщ.

- «Предприятэм и экономикэмрэ ар зэрыззрахьэмрэ» - 1 цIыку (очнэу). Кьэрал экзамен зэгуэтхэр урысыбзэмрэ литературэмкIэ итын хуейщ.

- «Бухгалтер учетыр, анализыр, аудитыр» - 1 цIыку (очнэу). Кьэрал экзамен зэгуэтхэр урысыбзэмрэ литературэмкIэ итын хуейщ.

Еджакlуэ ягъэкIуэнухэр кьыхах конкурсым хагъэхьэну абыхэм кьат лъэIу тхылъхэм, творческэ Iэщ Iагъэхэм хуеджэнухэм Кьэрал экзамен зэгуэтхэр урысыбзэмрэ литературэмкIэ, мыдрей Iэщ Iагъэхэм хуеджэнухэм общественэнаниемрэ химиемкIэ ирагъэтын папщIэ кьат заявкэхэм япкъ иткIэ.

Еджакlуэ ягъэкIуэнухэм ящыщу Кьэрал экзамен зэгуэтхэр зымытахэм ахэр ирагъэтын папщIэ зрагъэтхын хуейщ Урысый Федерацэм ЕгъэджакIныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм 2009 гъэм мазаем и 24-м кьыдигъэкIа приказ №957-м ипкъ иткIэ игъэуIуа хабзэм тету.

Пэлъ Iу тхылъхэр КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм (Налшык къалэ, Ленины и уэрам, 27, Правительствэм и Iунэ) кьыбгъэ 2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м нэсыху.

Телефоныр: **40-31-49.**

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЭЩIЭ Замирэщ.

Хьэмзэт и методикэ

Рассказ

ХЬЫДЖЭБЗ тхьэIуху гуэр сингу ирихьат. Сэ сыхьэупсэнэIу мыгугъэщи, тыкIи дыдэу сыдахьэх. СыхьэупсэнэIуми, сыцykIытэщи, сызэхьэупсэжэм зыри жеижмыIуурэ, ящIыжьыдаIуэ Iуэхукъэ мы си дуней тетыкIэр-тIэ? Сытми, нужьрейуэ сингу ирихьам сыбгрэIэщIуэ сингу хуитIыр щыжезмыIэфыми, и телефон номерыр кьызощтэри, СМС-письмо хуэотх. ЩIыIэ-щIыIэу жэуап кьетхыж, аргуэру тэкIу нэхъ гъащIэу щыхуэстхым, мыпхуэдэу кьрегъакъ: «Хьэмзэт, сыхуейкъым гугъэ нэпцIкэр уэзгъэщIыну, сэ щIалэ сиIэщ. ХущIалэфIщ, ущIалэ кьэкIуф, ауэ си Iуэху зытетыр аращ».

Абдежьым сыкъэгубжьри, сингу ипсльащ а хьыджэбзыр жиIам хущIэзгъэгъэжьыну. ЩIали иIэтэхъым абы, игу срихьтэкъыми, жиIауэ ар кьыдуейт. Арати, соуэри, а махуэм щыщIадзауэ ужIытхьыри зыхьызонэ. Нэхъ тэмэму жьыпIэмэ, сыщцыхуейхэм дежьэгъгъэсэбэпыну «зэгурыIуныгъэ» иэощIыIэрэи, нэхъ жьыжьу согъэтIыпIы. Сыт хуэдэ гугъуэхь сримыкIыхьэлIэми, кьыхсфIэмыIуэхуу, зы бэлъхь гуэр сыхьэм си гугъуэ сеIэу щIыдзодзэ.

ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, сыдихьжат а пщащэм. Сэ сызыхуейм хуэдэ дыдэт. Из фIыцIэт, щхьэпцI кIыхьт, дахэкIей жьыхуаIэр арат. Ар апхуэдизкIэ дахэти, щыслъагъукIэ, си гур жьыIэмыдаIуэ хьурт, си ІитIри, си Іупэри, си ІитIри, псори жэтаIэ хьуртти, си напэр тракъырт.

Ауэ, мопхуэдэу щыжиIэм, сыкъэгубжьыц, махуэрэ ныкъуэрэ сригумэща нэужь, си гуГъэр хэсхыжри, сыхуэмыпIъэжIыжу сежьжащ. «ГуфIыгъэ хуэсщIурэ кьыхьфIэзгъэщIыжащ. АфIэкIа абы си гуфIытэ ильагъуми си Іуэхущ», - жыIэу сигу исльхьащ. Къэсслъагъэм, сыкъэслъагъэм, сыкIэ и ныбжьэгъуэм яхэту сэлам щесхкIи, мыхьэнэ гъэпкъ естыртэкъым. Езыр мо гуапэу, Іыхьэлейуэ нэфIэгуфIэу сызэрыхъущытым есауэ, ар щимыльагъужьым, нэгъэущIэ зыгуэр хъуащ. ЩимытIэгъэж щыIгъыныжьы итыным ещхьу, и гум сыпымыкI хуэдэт. Сэри абы гу гъыстэри, си нитIым щIнльагъуэу щыытахэм я кIапэгъпаIэ сщимыгъуэтыжу сщIат. Сытми, гу нэхъ льыэмытэжу, езыр нэхъ кьысхуепльэкI хьуурэр кIуэрт.

Зы махуэ гуэрым кьалэ жыг хадэм сыкIуат зыщыгъэпэхуну, зыщысплъыхьыну. Дунейм и дахагъэм зыщIэзмыгъэнщIу сызэдэщысы, си щIэр жиIэри зыгуэр къэджащ. СеплъэкIмэ - къыздеджэ пщащэ щыкIу гуп зэхэтщ сигу ирихьауэ -изгъэхъужаринуэ гъуэсу. СыкъэзгъэдэкIри абы хэм сэлам есхащ, езыхэми тетIыхьэпIэм -зыщIагъэхуэхащ», сигу ирихьауэ щыта хьыджэбзым фIэкIа къэмынэу. Ар плъыкъ мэхъу, тIысахэр кьигъэтэджыжу Іунщыжыну хэтщ. Арати, си гум куэд «кьызыхуимыпэжа» мо хьыджэбз щыкIуэм жьызоIэ:

- Сигу урихьу ныщоIэуIэкIым, щIалэ сиIэщ, жьыпIэри бдакъым. Иджы сэ мыбы хьыджэбзапIэ сыкъэкIуати, мы си нитIыр зыгъэлэжьауэ ди еджапIэм щIэс хьыджэбз щыкIу кьомыр кьэпшащи, е зыми срагъэплъакъым, е зыри кьызыгъэпльакъым. Ныхуейуэ кьыспыпхынур сыт?

Ар зэхэзыха гуп щыкIуэ зэкIуэлотхъ, «Ринэ, кьыпхуэнкIуэ», - жаIэурэ. Абдежьым кьыдэпхъкъ ящIэхьэ Ринэ хъужри, макIуэ-мэтьей...

Абы нужькIэ еджапIэм дапщэрэ сыщыкъуэзэми, и ныбжьэгъу хъыджэбз щыкIу гуэркъм я гъуэсу кьэувыIэурэ нэхъыбэрэ кьыхэпсэлъэну хэту гу лъызотэ. Ауэ жиIэхэм мыхьэнэшхуэ зэрэсмытыр кьыщыгурыIуэм, и жагъуэ хьу хуэдэуи зещI. ЗрещI, лIо ар си дежкIэ?!

Пщыхьщхьэ гуэрым си телефоныр кьозу. Кьытызохри:

- Хьэмзэт, уи пщыхьэщхьэ фIыуэ.

- ПIэхьыфIыжу.

- Зэран сыпхуэхъуа?

- Сэбэпи укъысхуэхьуакъым.

- Ринэщ ар, математикэмкIэ уздэзгъэIэпыкъуну арат.

- ЩIалэ уиIэу кьызэрыкъэхэптх льандэрэ, Іуэхутхьбзэ щIэн щыгъэтIысащ, - жыIэоIэ, щаIуэ кьизмыдзэу. Хьыджэбзыр Іэнкун мэхъури, и тэмакъым тельъыр зэрыритхьэкIр зэхэсхыу жеIэ:

- Сэ ауэ жысIэркъым, и уаэсэр уэстынщ.

- Хьунщ, пщэдей зыкъысхэхъагъаз.

- Куэд хьуркъым ар. ЗытIэкIу...

- Умыугъаз, пщэдей кьызжеIэнщ.

- Зэманышхуэ пфIихьмэ жьызоIэри согузаз.

- НтIэ, Пифагор и телефон номерыр уэстынщи, абы зыпыщIэ, - жьызоIэ. Сэ псалъэхэм хэтыр гушыIэрэ гу быдагъэрэ сэри сщIэжьркъым, езыми дыхьэшхэпщI зещIри кьыпещэ:

- Пщэдей куэдрэ феджэну? Дэнэ укъыщцызгъуэтынур?

- ЕджапIэм сыщыIэнущ, сыкъэбгъуэтынщ. Махуэ кьэс дыIэрихьэлIэ хабзэщ.

- Хьунщ-тIэ, нэ хуГъэфI укъынкI, си гуапэщ...

- Уэрэ, - согъэпIыпльык телефоныр.

Сыт иджы ар зыхуейр? Сигу зэ нэгъэхуэтэжьхьэ? Согупсыс. Зэми сыкъущIагъэжьауэ апхуэдэу сызэрыхущытым, итIани сыдихьэхьэк нэхърэ нэхъыфIщ, зыхуейр хуэсщIэрэ сфIэзгъэкIэрэ хьуэкI-незгъэкIэрэ хьуэкIыу сыкъэджащ абы, естыжьыну жэуапым сегупсыс. Нужьым, зэкIуэрэ кьитэхьа тхьигъэ си телефоным иту кьызэогъуэтыжри, зэсхьэщIа щIагъуэ щымыIэу мыр хэзогъэхьыж: «Ринэ, сыкуеикъым гугъэ нэпцIкэр уэзгъэщIыну, сэ щIалэ сиIэщ, хъьыджэбзыфIщ, удахэкIейщ, ауэ си Іуэху зытетыр аращ».

-ЩIалэ кьыщIэкIынкъым, хьыджэбз хьунщ уиIэр» кьетхыж. «Лю, уэр фIэкIа щIалэ зыми ямыIэ уи гугъэ», - жауапу иозтэж. Зыри кьэнтхыжакъым.

ЕтIуанэ махуэм кьызыдеджэхэр кьызыбгъэдыхьэурэ, псори абы кьысхуэпсэхьыж, пхъэщIа ирихьу щытатхэ? Сыт кьэхъужар, иджы езым игу урихьащ...». Хэт сыт жиIэми, зыри кьысфIэIуэхуакъым. Нужьым «парэм» щIэсу зы пщэдджькъыб гуэрым, кьыщIэошри, жьызоIэ:

- ПщIэжрэ, математикэмкIэ пхъэщIа пэжьыстам и уасэр ящIэ кьыдэхьэгъэ ди ныбжьэгъэнжьатI?

- НтIэ, иджы ахьшэм ухуей хьуауэ ара? - мэгуфIэ дыгъэм хуэдэу.

- Хьэуэ, ныштэдпбэ сымышхэу сыкIыщIэжIащи, шэджагъуэм кафем сymышэу хьунукъым.

- Хьунщ, дыкIуэнщ. ЩIэкIыпIэм дыщцэзэущIэнщ.

Абдеж кьыщIежьащ ди лъагъуэпIагъэр. - ЩIыIуэ укъэлъагъуми, кьыпхуэмейуэ защI- жиIэу уэрэдым зэрыхэтым ещхьу, езыхэми апхуэдэу захуэпщIыкIмэ, пщащэхэр кьызыкIэ зыгуэрыгъуафIэ мэхъу. Абы зэреджэр «Хьэмзэт и методикэщ».

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

Мэкъуауэгъуэм и 11-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **3.** Сонэ. **4**. Мест. **6**. Пхъы. **8**. Iудакъ. **9**. Щэуей. **13**. ЕнтIыр. **14**. ЖармыкIэ. **18**. Уардэ. **21**. Щхъэлыкъуэ. **23**. Джэлэфей. **29**. Иб э. **30**. Кьэжэр.**31**. Аргъей. **32**. Лэч. **35**. Хьэмбылу. **41**. ХьэмфIанэ. **43**. Псыкхьуэ. **44**. Щхьэхьыну. **45**. ПшIащэ. **48**. Хьэрэм. **50**. КъуэщIый. **51**. Ажэ. **52**. Дэльху. **53**. Пагэ.

*Къехьу:***1.** Нэпкъ. **2**. Амыщ. **3**. Саут. **5**. Тхуей. **7**. КъуанщIэ. **10**. Мыдэф. **11**. Дыкъым. **12**. Гъаблэ. **15** Афэ. **16**. Мэш. **17**. КIыр. **19** КIэ. **20**. Удж. **22**. Хьэнуэ. **24**. Ерчэн. **25**. Бжьы. **26**. Кьру. **27**. Щай. **28**. Гугъэ. **33**. Пыпхьуэ**34**. ГумащIэ. **36**. Мэсей. **37**. Ущ. **38** Щыхь. **39** Уэх. **40**. Жин. **41**. Хьэ. **42** Арщын. **46**. Фэнд. **47** Гуимэ. **49**. Махуэ. **50**. Кьэпс.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), Гъуэжь Мадинэ(жэуап зыхъ секретарь), ГъущIо Зариф, Кьардэн Маритэ,Ныбжьэ Таисэ, Хьэжыкъарэ Алик.

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленины и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, егъэуцун - епщIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхугъэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обзоревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ Iапl Iэхэм ядэлэжьэныжьмкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджакIуэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапl Iэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъэуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехэм пэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтеуэу зыпыт щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и щIэ дальщ КъБР-м федеральнэ пошт эныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щыныкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-006ساм щIэуэ агъэуащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокIэ.

1905 гъэм щыIа Революцэм и щIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленины и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редакторНыбжьэ Таисэ, корректорхэр Щоджэн Инэ *(1, 2-нэ нап.)*, Баиф ФатIимэ *(3, 4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъуэ Иуан Занрэ. *Компьютерхэр газетым и теплъэр ящIащ*Ныр Саидэ, ГъукIэлI Рае, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанпэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №1700